

**AMBISSI SAJRONE NOVEL *ONTRAN-ONTRAN SARINEM*  
ANGGITANE TULUS S  
(TINTINGAN PSIKOLOGI KAPRIBADEN LUDWIG KLAGES)**

**Henindhar Amroh**

S-1 Pendhidhikan Basa lan Sastra Dhaerah, Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya  
henindharamroh@mhs.unesa.ac.id

**Drs. Sukarman, M. Si.**

Dhosen Jurusan Pendhidhikan Basa lan Sastra Dhaerah, Fakultas Basa lan Seni,  
Universitas Negeri Surabaya

**Abstrak**

Sakabehe manungsa mesti nduweni pepenginan. Pepenginan kang kuwat kanggo nggayuh kasuksesan diarani ambisi. Novel kanthi irah-irahan *Ontran-ontran Sarinem* nyritakake lelakone paraga utama kanggo nggayuh ambisine. Ambisi kasebut tuwu amarga kedadeyan kang ora nyenengake. Paraga utama wanita sajrone novel iki kepengin ngowahi panguripane supaya bisa mulya.

Adhedhasar landhesan kasebut, underan panliten saka panliten iki yaiku: (1) kepriye struktur kapribaden sajrone novel *Ontran-ontran Sarinem* anggitane Tulus S, (2) kepriye wujud ambisi sajrone novel *Ontran-ontran Sarinem* anggitane Tulus S, (3) kepriye upaya paraga kanggo nggayuh ambisine sajrone novel *Ontran-ontran Sarinem* anggitane Tulus S.

Tujuwan saka panliten iki yaiku ngandharake (1) struktur kapribaden (2) wujud ambisi (3) upaya paraga kanggo nggayuh ambisi sajrone novel kanthi irah-irahan *Ontran-ontran Sarinem* anggitane Tulus S. Dene paedah saka panliten iki yaiku nambahi kawruh tumrap pamaca sarta asile paniten iki diajab bisa kanggo tetandhingan panliten sabanjure.

Teori kang digunakake sajrone panliten iki yaiku teori psikologi kapribaden Ludwig Klages. Panliten iki klebu panliten kuwalitatif kang nggunakake metodhe dheskriptif kualitatif. Sumber panliten kang digunakake yaiku dhata primer kang arupa novel *Ontran-ontran Sarinem* anggitane Tulus S, dene dhata sekunder yaiku teori kang bakal digunakake kanggo nintingi novel kasebut yaiku teori psikologi kapribaden Ludwig Klages. Dhata panliten iki yaiku tembung lan ukara sajrone novel *Ontran-ontran Sarinem* anggitane Tulus S. Dene tata cara nglumpukake dhata yaiku kanthi teknik pustaka, teknik maca, lan teknik cathet.

Asil saka panliten iki kaperang dadi telu, kapisan yaiku struktur kapribaden miturut teori psikologi kapribadene Ludwig Klages yaiku temperamen, pangrasa, lan daya ekspresi. Kapindho yaiku wujud ambisi paraga utama yaiku urip mulya. Ambisi kasebut diwujudake kanthi cara ngangkat drajate lan ngolehake sesandhingan kang mapan. Katelu, upaya paraga utama kanggo nggayuh ambisine. Upaya kasebut ana papat yaiku sregep, pangurbanan, kendel, lan ora gampang mundur.

**Tembung wigati:** temperamen, sipat, ambisi, lan kapribaden.

**PURWAKA**

Sastra mujudake gegambaran urip bebrayan kang digambarake lumantar kedadeyan utawa kahanan sajrone panguripane manungsa. Karya sastra minangka gegambaran saka panguripane manungsa. Sastra uga bisa diarani dadi kaca pangilon saka kanyatan. Bab iku cundhuk klawan panemune Wellek lan Werren (1995:119), kang ngandharake yen sastra kuwi kaca pangilon lan wujud ekspresi panguripane manungsa. Slaras karo pamawase Sudikan (1990: 91), yen karya sastra gegayutan karo prakara-prakara sajrone bebrayan, nanging nalika pangripta nulis karya sastra uga nengenake bab kang asipat estetik. Sipat estetik karya sastra kudu ana, jalanan sastra nduweni piguna *dulce et utile* kanthi teges yaiku sastra minangka panglipur lan piwulang (Wellek lan Werren, 1995:316). Kahanan lan kedadeyan kang diripta sajrone karya lan diasilake lumantar proses kreatif pangripta. Karya sastra mujudake asil reriptan *imajinatif* ngenani apa wae kang dirasakake lan dipikirake dening pangripta.

Perangan teori sastra kang ngrembaka ing abad 20 yaiku *Ilmu Psikologi Sastra*. Ilmu psikologi sastra minangka salah sawijine ilmu kang dibangun saka *asumsi-asumsi genesis* sajrone asal-usul karya sastra, ateges yen psikologi sastra bisa ditintingi ngenani gegayutan antarane karya sastra lan aspek kajiwane pengarang (Ratna, 2012: 340). Psikologi miturut Atkinson (sajrone Minderop, 2013:3) ngandharake ngelmu ngenami kajiwana utawa ngelmu kang ngandharake kapribaden lan solah bawane manungsa sawutuhe. Psikologi sastra minangka ngelmu kang ngonceki bab aktivitas kajiwana sajrone karya sastra. Pangetrapan psikologi sastra bisa awujud psikologise paraga sajrone karya sastra, lan psikologise pangripta nalika ngripta karya sastra, sarta psikologise pamaca. Aspek kajiwana paraga sajrone karya sastra mujudake objek kang paling trep kanggo ngetrepake ukum-ukum psikologi, kanthi nduweni tujuwan kanggo nguripake pamaragane paraga lan ngonceki aspek kajiwana sajrone karya sastra.

Panliten iki nggunakake tintingan psikologi kapribaden. Psikologi kapribaden sejatine punjere saka psikoanalisis Sigmund Freud banjur dikrembakake karo para ahli psikologi liyane salah sawijine yaiku Ludwig Klages (Minderop, 2010: 10). Miturut Klages, struktur kapribaden manungsa diperang dadi telu, yaiku: temperamen, pangrasa, lan daya ekspresi. Katelune nduweni sesambungan kang kuwat banget amarga miturut Klages struktur minangka sipat-sipat wujude utawa sipat-sipat formale, saka struktur bisa ngertenipun sipat lan problem kajiwane paraga (Suryabrata, 2015: 96). Teori psikologi kapribaden Ludwig Klages iku diajab bisa ngonceki kanthi rinci psikologi paraga, mligine Sarinem. Panulis nliti novel *Ontran-ontran Sarinem* nganggo teori kapribaden iki awit novel iki akeh ngrembug babagan sipate paraga, dene babagan sosial lan budayane mung sathithik kang dirembug. Bab kang onjo sajrone novel iki yaiku kepriye paraga utamane nuwuhake sipat amarga prakara-prakara kang dialami. Novel *Ontran-ontran Sarinem* anggitane Tulus Setiyadi iki sabanjure bakal diwancah dadi *OOS*.

Novel *OOS* anggitane Tulus Setiyadi kapilih dadi objek panliten amarga novel iki mujudake problem kajiwane paraga utama kang bisa dianalisis nggunakake tintingan psikologi sastra. Tulus Setiyadi, yaiku salah sawijine pangripta sastra jawa. Panjenengane alumni saka Universitas Widya Mataram Yogyakarta jurusan Program Studi Teknologi Pangan lan Gizi. Karya kang arupa buku-buku utawa karya sastra kang nate diserat dening Pak Tulus akeh banget kayata *Sangkrah* (antologi geguritan lan Cerkak), *Sang Guru* (Antologi Cerkak), *Kawruh Urip Luhur Ngabekti* (Antologi Geguritan), dene kang arupa novel kayata *uran-uran katresnan, udan ing mangsa ketiga, Cinencang lawe*, lan sapiturute. Pak Tulus Setiyadi kalebu pengarang sing prodhuktif ing jagading kasusastran Jawa Modern. Amarga saka akehe karya sastra kang kaangit bisa ditrima dening pamaca, ndadekakae sastra jawa saya suwe saya ngrembaka lan ndadekakae sastra jawa saya prodhuktif.

Novel *OOS* iki mujudake gegambaran panguripane paraga utama wanita yaiku Sarinem sing tansah agawe prakara utawa ontran-ontran. Crita kang digambarake sajrone novel *OOS* nduweni sesambungan karo bab seksual. Prnyata sawise diwaca novel kang terbit ing taun 2017 iki mujudake novel kang ngrembug bab seksual. Wiwitane nalika dheweke ngrasakake endahe samodra lan endahe kutha Pekalongan. Dheweke sing mung bocah desa sarwa kacingkrangan rumangsa bungah lan kukuh kepengin urip ing kutha Pekalongan. Sawise urip ing kutha, Sarinem tambah bisa ngrawat awake nganti dadi wong wadon sing ayu kaya bintang film. Banjur dheweke kenal karo para priya kang agawe dheweke nglakoni saresmi. Rasa kepengine ngowahi panguripane sing mung wong cilik sarwa kacingkrangan ndadekake dheweke gelem nglakoni apa wae supaya bisa oleh priya sing bagus lan sugih.

Novel *OOS* dadi obyek panliten amarga novel iki isih terbitan anyar yaiku terbit taun 2017 lan durung nate ditliti. Novel iki uga narik kawigatene panliti amarga kapribadenene paraga utama sajrone novel kang nduweni pepenginan kang gedhe lan merjuwangake supaya bisa

kawujud. Novel kasebut nduweni sesambungan kang onjo antarane paraga karo prakara kang disandhang. Prakara kang disandhang nyebabake paragane nuwuhake sipate. Mula saka kuwi, novel *OOS* didadekake obyek panliten iki. Panliten iki bakal ngonceki kepriye paraga utama olehe nuwuhake sipate. Bab-bab mangkono mau njalari novel iki wigati banget kanggo ditliti.

Panliti ninthigi novel *OOS* nggunakake tintingan Psikologi kapribaden Ludwig Klages yaiku amarga novel iki nggamarake ngenani segi kajiwane paraga utama kang cundhuk karo teori kapribadene Ludwig Klages, saliyane iku novel iki uga durung tau ditliti. Mula saka kuwi adhedhasar anane konflik kasebut. Panliten iki ditindakake kang ana gegayutane karo prekara kahanan psikologise paraga utama kanthi tintingan psikologi sastra teori psikologi kapribaden Ludwig Klages kanthi irah-irahan *Ambisi Sajrone Novel OOSanggitane Tulus Setiyadi: Tintingan Psikologi Kapribaden Ludwig Klages*.

Underane panliten iki ana telu, yaiku (1) kepriye struktur kapribaden sajrone novel *OOS* anggitane Tulus Setiyadi, (2) kepriye wujud ambisi sajrone novel *OOS* anggitane Tulus Setiyadi, lan (3) kepriye upaya paraga kanggo nggayuh ambisi sajrone novel *OOS* anggitane Tulus Setiyadi.

Tujuwan saka panliten iki yaiku ngandharake struktur kapribaden sajrone novel *OOS* anggitane Tulus Setiyadi, ngandharake wujud ambisi novel *OOS* anggitane Tulus Setiyadi, lan ngandharake upaya paraga kanggo nggayuh ambisi sajrone novel *OOS* anggitane Tulus Setiyadi.

## TINTINGAN KAPUSTAKAN

### Panliten Kang Saemper

- 1) Selvy Rernowati ing taun 2017 Jurusan Pendhidhikan Basa lan Sastra Dhaerah UNESA kanthi irah-irahan *Temperamene Paraga sajrone Novel "Carang-carang Garing" Anggitane Tiwiek SA*. Panliten kasebut nggunakake tintingan Psikologi Kapribaden Ludwig Klages kanggo ngandharake sipat-sipat kang disandhang dening paraga. Asil panliten yaiku ngandharake sipate paraga, ngandharake wujud temperamen, lan ngandharake akibat tumrap paraga saka temperamene.
- 2) Andi Febrianto ing taun 2015 Jurusan Pendhidhikan Basa lan Sastra Dhaerah UNESA kanthi irah-irahan *Problem Kajiwane Paraga Utama Wanita sajrone Novel "Purnama Kingkin" Anggitane Sunaryata Soemardjo*. Panliten kasebut nggunakake tintingan psikoanalisis Sigmund Freud kanggo ngandharake problem kajiwane kang dialami paraga utama wanita. Asile panliten yaiku ngandharake struktur kapribadene paraga utama, ngandharake problem kajiwane paraga, lan ngandharake cara mungkasi prakara kang disandhang dening paraga utama.
- 3) Handayani ing taun 2014 Jurusan Pendidikan Basa lan Sastra Dhaerah kanthi irah-irahan *Problem Kajiwane Paraga Wanita Minangka Objek Seks sajrone Cerbung "Kesumat" Anggitane Tiwiek S.A*. Panliten iki ngandharake ngenani kepriye

- kapribadene paraga utama mligine problem kajiwane.
- 4) Yohan Prandana ing taun 2015 mahasiswa Jurusan Pendhidhikan Basa lan Sastra Dhaerah UNESA kanthi irah-irahan *Problem Kajiwane Paraga Utama sajrone Novel “Nalika Rembulan Panglong” Anggitane Tiwiek SA: Tintingan Struktur Kapribaden Sigmund Freud*. Asil panliten yaiku ngandharake struktur kapribadene paraga utama, ngandharake problem kajiwane paraga, lan ngandharake *mekanisme pertahanan ego* paraga.
  - 5) Ryan Yuli Purnamawati ing taun 2011 mahasiswa Jurusan Pendhidhikan Basa lan Sastra Dhaerah UNESA kanthi irah-irahan *Kapribadene Paraga Utama Sajrone Cerbung “Candhik Ala” Anggitane Ismoe Rianto: Tintingan Psikoanalisis Sigmund Freud*. Asile panliten iki ngandharake paraga lan pamaragane, ngandharake kapribadene paraga utama, ngandharake trap-trapan pangrembakane kapribadene paraga utama.

Limang panliten sing wis diandharake ing ndhuwur ana bab sing padha lan ana bab sing beda. Bab sing padha yaiku padha-padha nggunakake teori psikologi sastra mligine teori psikologi Ludwig Klages. Dene bab sing beda yaiku objek panliten uga teorine. Novel kanthi irah-irahan *OOS* anggitane Tulus Setiyadi ing kene bakal diandharake ngenani ambisi kang diduwensi dening paraga utama sajrone panguripane dheweke minangka wanita saka kulawarga sing kacingkrangan lan kepengin mulya dadi wong sugih.

### Sastra lan Psikologi

Teeuw (2013:22-23) ngandharake kanthi cara etimologis, sastra ateges tulisan lan manungsa sarta panguripane minangka objeke. Sastra minangka terjemahane basa Indonesia saka jeneng kang digunakake bebrayan asing, mligine Eropa. Sastra sajrone basa inggris diarani *literature*, sajrone basa Jerman diarani *literature*, sajrone basa Perancis diarani *literature*. Susastra kang ora luwih bisa diwastani tulisan kang endah sing digunakake bebrayan sajrone basa Eropa. *Letterkunde* ing basa Landa lan *belles-lettres* ing basa Perancis, nanging ora kabeh tulisan bisa diwastani reriptan sastra lan suwaliike asile reriptan-reriptane manungsa kang ora awujud tulisan bisa kagolongtage sajrone reriptan sastra.

Sastra minangka basa yaiku sastra kang migunakake basa saliyane basa padinan, umume basa kang endah, basa kang nduweni gaya basa, kang dudu tujuwan utama minangka eksprese pangripta, dudu kanggo sarana aweh pangaribawa tumrap pamaca, dudu kanggo ngandharake samubarang, dudu kanggo nguwatake sesambungan antarane manungsa, nanging kanggo narik kawigaten marang reriptan sastrane dhewe. Sastra minangka reriptan fiktif lan imajinatif yaiku paraga lan crita sajrone reriptan sastra minangka asil khayalan lan reriptane pangripta kang tuwuhan sanalika. Sastra minangka eksprese jiwa yaiku pangripta anggone ngripta karya sastrane ora nglirwakake panguripan lan perkara-perkara kang ana ing njerone. Perkara sajrone panguripan manungsa digambarake pangripta minangka

eksprese jiwa kang bisa ndadekake reriptan sastra katon urip. Sastra minangka donya sosial, apa kang ana sajrone reriptan sastra minangka asil tiruan panguripan kang nyata.

Miturut Hill (sajrone Pradopo, 2013:141), reriptan sastra minangka sawijine struktur kang kompleks. Mula saka iku ditindakake analisis tumrap struktur-struktur kang ana sajrone reriptan sastra. Hawkes (sajrone Pradopo, 2013:108) ngandharake yen sajrone nganalisis reriptan sastra unsur-unsur kang mangun sastra uga diudhari. Mangkono makna sakabehe reriptan sastra bisa dingerten ikanthi gampang. Bab iku minangka pangeling yen reriptan sastra minangka wujud sastra kang wutuh.

Psikologi yaiku ilmu kawruh ngenani solah bawa kang gegayutan karo panguripan psikis utawa kajiwane manungsa. Fananie (2001:18) nyengkuyung pamawas kasebut yen solah bawa utawa tumindak nduweni pangertean kang isih jembar, yaiku ora mung kagiyanan motoris wae kayata ngomong, mlayu, ndeleng, ngrungokake, pangeling-eling, fantasi ngenalake maneh ngenami gegambaran emosi-emosi kang awujud nangis, esem lan sapanunggalane. Psikologi ngandharake ngenami kagiyanan-kagiyanan kanggo nintingi, ngrasakake, motif-motif lan sateruse.

Reriptan sastra lan psikologi padha-padha ndadekake manungsa minangka objek sajrone tulisan, amarga sajrone diri manungsa iku kebak karo wewadi sing nduweni titikan lan angel dikira-kira. Jatman (sajrone Endraswara, 2011:97) nyengkuyung pamawas kasebut yen psikologi lan sastra nduweni sesambungan kanthi ora langsung lan fungsional. Sesambungan ora langsung tegese sastra lan psikologi nduweni objek sing padha yaiku panguripane manungsa, dene sesambungan sing fungsional tegese padha-padha nyinaoni kahanan jiwane manungsa, bedane ing psikologi kahanan kajiwane manungsa kasebut asipat nyata dene ing sastra kahanan kajiwane manungsa asipat *imajinatif*. Senajan asipat *kreatif* lan *imajinatif*, pangripta tetep bisa ngetrapake ukum-ukum psikologi nguripake pamaragane paraga-paragane.

### Psikologi Sastra

Dhefinisi psikologi sastra bisa diperang dadi papat yaiku kapisan, *study* psikologi pangripta kang minangka tipe pribadi. Kapindho, *study* proses kreatif. Katelu, *study* tipe lan ukum-ukum psikologi kang ana sajrone karya sastra. Kapapat, ngerteni akibate karya sastra marang pamaca (psikologine pamaca) (Wellek & Warren, 1995:81). Saka pamawas kasebut nuduhake menawa psikologi sastra bisa ditegesi kanthi amba. Psikologi sastra nyinaoni babagan psikologis pangripta, proses kreatif nulis karya sastra kang oleh pangaribawa saka alam bawah sadhar lan alam sadhare pangripta, psikologine karya sastra, lan psikologise pamaca.

Miturut Endraswara (2011:96), psikologi sastra minangka kajian sastra kang ndeleng sastra saka aspek kajiwane. Pangripta bakal migunakake cipta, rasa, lan karsa sajrone ngripta karya sastra. Samono uga pamaca anggone nanggepi reriptan sastra uga ora ucul saka kajiwane dhewe-dhewe. Reriptan sastra mujudake aspek-

aspek kajiwana lumantar paraga-paraga yen reriptan kasebut arupa prosa utawa gancaran. Psikologi sastra yaiku sawijine *interdisiplin* antarane psikologi lan sastra. Karya sastra minangka prodhuk kajiwana lan pamikiran pangripta ngenani kahanan setengah sadhar kang ana sajrone wujud kang sadhar. Tegese yaiku kanthi cara setengah sadhar pangripta nduweni imajinasi ngenani prakara kang ana gegayutane karo panguripan bebrayan ing sakupenge sing dadi kawruh banjur kanthi ora sadhar pangripta menehi ekspresi kajiwana sajrone nyiptakake sastra.

Ratna (2013:342) ngandharake tujuwane psikologi sastra yaiku kanggo ngerteni aspek-aspek kajiwana sajrone reriptan sastra kang bisa ditrapake sajrone paraga-paraga ing reriptan sastra. Daiches (sajrone Ratna, 2013:348) uga merang psikologi sastra dadi telung teges. Kapisan yaiku psikologi sastra lumantar tintingan donyane pangripta karo reriptan sastra kang diripta. Kapindhone, psikologi sastra lumantar paraga lan pamaragane. Kaping telu yaiku psikologi sastra kang sinebut kritik *arketipe* marang kalungguhane rasa ora sadhar sawijine klompok bebrayan kang dadi punjere. Andharan kasebut kang krasa cundhuk marang bidhang sastra yaiku teges kapindho kang nengenake psikologi sastra marang paraga lan pamaragane.

Psikologi sastra satemene ngandharake ngenani manungsa saka perangan njero, kang narik kawigaten saka psikologi sastra yaiku ing prakara manungsa kang nggambareke potret kajiwana, nanging ora jiwane wae sing tuwuhan sajrone sastra nanging uga bisa nyulih kajiwana pawongan liya (Minderop, 2010:59). Gegayutan antarane bab psikologi sastra kasebut ana rong perangan, yaiku (1) *refleksi* antarane pepinginan-pepinginan kang ana ing sajrone ati manungsa. *Refleksi* mau kasimpen ing saben manungsa lan njalari anane karya sastra iku bisa mlebu ing pangrasane manungsa. Karya sastra iku menehi dalan kanggo nyuntak pepinginan-pepinginan, (2) *refleksi* antarane impen lan kasunyatan. Perangan iki ana gegayutane *elaborasi* karya sastra karo proses *elaborasi* impen.

Andharan kasebut nuduhake yen reriptan sastra nduweni gegayutan karo ilmu kajiwana, ateges ora bisa uwal saka psikologine manungsa. Tumindake paraga-paraga sajrone reriptan sastra uga bisa katliti kanthi ilmu psikologi. Pangripta kang kasil menehi gegambaran tumindake paraga kang laras marang kahanan jiwane manungsa, pangripta kasebut uga wis kasil nggunakake pamawas psikologi modern kanggo ngandharake lan nafsirake reriptan sastra (Hardjana, 1994:66).

### Teori Psikologi Kapribaden Ludwig Klages

Klaces minangka ahli psikologi nduweni panemu liya marang kapribadene manungsa. Pamikiran Klages ngenani kapribaden manungsa wis kondhang anane sajrone buku-buku kang ngandharake ngenani kapribaden, kayata sajrone karya ahli-ahli Eropa kontinental. Ludwig Klages minangka bapak *Graphology*. *Graphology* minangka ilmu kang nyinaoni utawa nganalisis tulisan tangan Ludwig Klages minangka ahli kang misuwur sajrone bidhang psikologi utawa filsafat (Suryabrata, 2015:95).

Teori kapribaden sajrone psikologi mujudake salah sawijine perangan kang wigati, amarga sajrone kapribaden nintingi solah bawa lan wewatakane manungsa. Teori kapribaden yaiku andharan kang ana sesambungan antarane solah bawa lan wewatakane manungsa. Teori kapribaden iku minangka salah sawijine disiplin ilmu psikologi, sajrone ngemot ngenani problem kajiwane manungsa. Sajrone teori kapribaden Ludwig Klages iku nduweni perangan saka sifat-sifat wujude utawa diperang dadi telung perangan, antarane siji lan sijine nduweni sesambungan (Suryabrata, 2008:96).

### Struktur Kapribaden Ludwig Klages

Teori psikologi kapribaden Ludwig Klages nduweni telung aspek kapribaden yaiku materi utawa bahan (*Stoff*), struktur (Struktur), lan kualitas utawa sifat (*Artung*). Saliyané telung aspek kasebut Klages isih ngandharake siji aspek maneh yaiku *tektonik* utawa bangun (Suryabrata, 2015:96). Miturut Klages struktur minangka istilah kang digunakake kanggo njangkepi istilah materi. Materi dingertení minangka isi, bahan (*der Stoff*), mula struktur dingertení minangka sifat-sifat wujude utawa sifat-sifat formale (*formelle eigenschaften*). Saben-saben manungsa ing alam donya mesthi nduweni tumindak, sajrone nglakoni tumindak kasebut mesthi ana beda antarane siji lan sijine. Pambeda kasebut miturut Klages kudu dideleng saka sudut anane rong kakuwatan kang adhep-adhepan siji karo sijine. Rong kakuwatan kasebut yaiku kakuwatan pendorong lan kakuwatan penghambat. Rong kakuwatan kasebut kang nemtokake tumindake manungsa. Struktur minangka salah sawijine aspek kapribaden sajrone teorine Klages nduweni telung bab kang wigati kanggo dingertení.

### Temperamen

Klaces nggambareke temperamen minangka sifat saka struktur, amarga bab kasebut temperamen nduweni pambeda kang asale saka rong kakuwatan. Manungsa kang diarani sanguinis biasane nuduhake sifat kang kukuh kanggo nggayuh tujuwane nanging ora sakabehane wong sanguinis nduweni sifat kasebut. Ana uga wong sanguinis kang kakehan polah lan gampang owah pikire dene wong kang diarani phlegmatis nuduhake sifat-sifat kang sareh, ora nduweni kekarepan lan apathis, saliyane kuwi ana uga wong phlegmatis kang ora seneng kakehan polah, nanging yen wis nduweni kekarepan kudu dimenangake. Daya tanggepan kang ana ing wong sanguinis asale saka hasrat kanggo ngowahi uripe, yen nduweni tujuwan tartamtu bakal digayuh kanthi temenan lan bakal nyisihake pepalang kang ana nanging yen ora ana tujuwan tartamtu, ora ana *doelvoorstelling*, mula kabutuhan kanggo ngowahi uripe kasebut bakal nggawa menyang sifat-sifat gampang lali lan kurang ngati-ati utawa grusa-grusu (Suryabrata, 2015:108).

Kejaba andharan ing ndhuwur, swasana pangrasa (*Stimung*), miturut Klages uga menehi corak-corak tartamtu sajrone tumindak *Sanguinis*. Swasana pangrasa padha karo kekarepan lan *afek*, asale saka tempo. Tempo kasebut bisa cepet nanging bisa uga sareh. Tempo cepet nuwuhake swasana ati kang *ekspansif* lan daya reaksi kang entheng. Saka swasana ati kang aktif lan

ekspansif kasebut nuwuhake sawijining sanguinicus kang ora tau ngrasa seneng marang kahanane, ora sabar lan kenceng dalane nanging yen ana daya reaksi kang entheng sarta swasana ati kang susah, bakal nuwuhake sawijine *sanguiniclus* kang *melankholis*. Dadi bisa wae ing sawijine wektu wong kasebut bakal nuduhake sipate kang aktif, kakehan polah, kayata nalika gegojegan karo kanca-kancane; nanging bisa uga wong kasebut bakal owah sipate dadi susah nalika wong kasebut ora nduwe kanca, yen ora ana perangsang-perangsang kang kuat; amarga prakara kasebut Klages ora bisa nganggep temperamen *sanguinis* kuwi mesthi trengginas (Suryabrata, 2015:109).

Klaces uga njlentrehake ngenani temperamen *phlegmatis* kanthi cara kang memper. Intine sipat-sipate wong kang nduweni temperamen *phlegmatis* yaiku kosok balen saka wong kang nduweni temperamen sanguinis. Nduweni tempo kang sareh, swasana atine *depresif*, daya reaksine abot. Kekarepan kanggo ngowahi uripe mung sathithik banget lan kerep nuduhake sipat-sipat kang tliti lan tansah taat marang paugeran (norma). Antarane sipat-sipat struktur lan materi kasebut ana *afinitas* (sesambungan), saengga ana sawijining *sanguinis* kang gedhe banget dinamika pamikire, luwih abstrak lan nduweni kapinteran ing pamikir spekulatif (*speculative begaafheid*). Suwlike, yen wong *phlegmaticus* luwih seneng marang kasunyatan. Pamikire uga nyata lan kadhang kala kurang dinamikane. Wong kang kurang cendekia ana pamikir kang asipat ucul-ucul lan ora jero, dalan pamikire kang cendhek lan langsung marang intine wae (Suryabrata, 2015:110).

#### a. Temperamen Sanguinis

Temperamen Sanguinis yaiku nuduhake sipat-sipat kang pantang mundur kanggo nggayuh sawijining tujuwan kang bener-bener pengin digayuh (Klaces, sajrone Suryabrata, 2008: 101). Temperamen sanguinis anggone nguntabake rasane ora ditimbang-timbang dhisik. Sanguinis langsung nguntabake sakabehe apa kang dirasakake tanpa mikirake kedadeyan kang bakal dialami ing mburi. Wong sanguinis anggone pengin mujudake pepenginane gedhe banget. Sakabehe tumindak bisa dilakoni dening wong sanguinis nalikane pengin nggayuh pepenginane. Sanguinis tansah merjuwangake sakabehe pepenginane lumantar panyurung nepsu-nepsune nanging wong sanguinis iku bakal kalah yen diadhepake wong phlegmatis. Pepenginane kang gedhe mau bakal lerem.

#### b. Temperamen Phlegmatis

Temperamen phlegmatis nduweni sipat-sipat kang ora nduweni minat lan apatis. Wong phlegmatis luwih njingglensi kasunyatan-kasunyatan, pamikire uga konkrit, kadhang kala uga kurang dinamis sarta nduweni pamikiran kang cekak. Wong phlegmatis nduweni pamikiran kang alon, swasana atine kang gampang *depresi* lan daya reaksi kang abot. Pepenginane kanggo bisa owah kuwi mung sithik lan ora nduweni sipat tliti uga nduweni sipat kang seneng nimbang-nimbulan (Suryabrata, 2008:110).

#### Pangrasa

Saben-saben pangrasa nduweni rong sipat pokok yaiku anane kegiatan batin (*inner activity*) lan anane

corak pangrasa. Kegiatan batin ing kene yaiku daya kanggo mbedakake kepenginan kang ana sajrone pangrasa, miturut Klages (sajrone Suryabrata, 2015:110) sajrone saben-saben pangrasa mesthi nduweni pepenginan. Pepenginan iku ana rong jinis, yaiku pepenginan nrima lan pepenginan nulak. Ana pepenginan sajrone pangrasa lan pepenginan sajrone kekarepan. Yen kekarepan kuwi wis pinuju marang tujuwan lan tujuwan kasebut bisa diarani tujuwan kekarepan yen tujuwan kasebut bisa digayuh. Pepenginan sajrone kekarepan kuwi saliyane kepengin nguwasani tujuwane (barange) uga kepengin nguwasani piranti-pirantine (sebab-sebabe), lan sarat-sarate amarga tujuwan mung bisa digayuh yen piranti lan sarat-sarate wis dikuwasani. Beda karo pepenginan sajrone pangrasa. Yen pepenginan sajrone pangrasa asipat bebas nanging sajrone kekarepan asipat kaiket lan nduweni punjer. Sajrone kekarepan “aku” tumindak aktif nanging sajrone pangrasa “aku” tumindak pasif. Kekarepan iku *aktivitas* lan pangrasa iku *pasivitas*.

Miturut Klages sajrone pangrasa ana afek lan swasana pangrasa (*stimmung*). Sawijine pangrasa bakal dadi afek yen faktor kepenginane luwih onjo. Sajrone afek, wong bakal luwih ngrasakake geterane tinimbang corak utawa kanepsone; kabagyan yaiku sipat pangrasa kang nduweni geteran. Iki mau sing diarani afek. Suwlike bab kang onjo sajrone swasana pangrasa yaiku werna-werna tartamtu utawa corak-corak tartamtu. Kasusahan, rasa kangen yaiku swasana pangrasa; bab-bab kasebut biasane ora disebabake dening sebab-sebab saka njaba, nanging dening owahe bab kang sesambungan karo kesadharan.

#### Daya Ekspresi

Manungsa nduweni panyurung nepsu. Panyurung iki minangka proses jiwa, panyurung kasebut bisa diweruhi nalika wis ngatonake sajrone proses-proses jasmaniah, kayata: owah-owahane swara obahing jantung, owah-owahane ambekan. Andharan ngenani proses-proses kajiwana kasebut sinebut ekspresi. Ekspresi iki minangka sipat struktur kang gumantung marang rong kakuwatan kang kosok balen, yaiku kahanan perangsang lan pepalang kanggo ekspresi.

Miturut Klages (sajrone Suryabrata, 2015:115) kang dadi pepalang ekspresi yaiku panguwasane diri. Panguwasane diri iki kudu dadi kakuwatan kanggo nguwasani dirine kang beda karo wong liya. Mula saka iku, bisa dideleng anane wong-wong kang wis nuduhake pangowahane ekspresi. Suwlike, uga ana wong kang durung nuduhake owah-owahane ekspresi. Daya ekspresi minangka perangan saka kabisan dhasare manungsa. Kabisan kasebut beda-beda antarane wong tuwa, bocah, lan wong diwasa nduweni kabisan kang ora padha. Kabisan antarane manungsa kang beda negara uga beda.

#### Konsep Ambisi

Struktur kapribaden miturut Klages kaperang dadi telu, salah sawijine yaiku temperamen. Temperamen *sanguinis* tansah nuduhake sipat-sipat kang pantang mundur kanggo nggayuh sawijining tujuwan kang bener-bener pengin digayuh. Temperamen *sanguinis* anggone nguntabake rasane ora ditimbang-timbang dhisik.

*Sanguinis* langsung nguntabake sakabehe apa kang dirasakake tanpa mikirake kedadeyan kang bakal dialami ing mburi. Wong *sanguinis* anggone pengin mujudake pepenginane gedhe banget. Sakabehe tumindak bisa dilakoni dening wong *sanguinis* nalikane pengin nggayuh pepenginane. *Sanguinis* tansah merjuwangake sakabehe pepenginane lumantar panyurung nepsune (Suryabrata, 2008: 101). Pepenginan kang gedhe kasebut diarani ambisi.

Ambisi miturut KBBI yaiku pepenginan utawa kekarepane nepsu kang gedhe banget kanggo nggayuh samubarang. Tembung ambisi umume dingerten ikanthi teges pepenginan kang kuwat kanggo nggayuh kasuksesan kanthi cara apa wae. Saben manungsa mesthi nduweni pepenginan kanggo mujudake samubarang kang dadi tujuwane. Ambisi nggugah gregete manungsa lan nuwuhake idhe kanggo nggayuh samubarang kanthi kasil (Collier, 2010: 45). Collier uga ngandharake yen tembung ambisi nduweni teges yaiku pepenginan kang kuwat kanggo mujudake gegayuhan tartamtu kang ana sajrone pamikiran awujud gambaran mental. Sadurunge wong kasebut bisa nggayuh samubarang, dheweke kudu nduweni ambisi lan sadurunge bisa ngrasakake ambisi, dheweke kudu nduweni rasa pengin kang nuduhake ambisi kanggo muwasake rasa kasebut. Mula, kabeh samubarang kang bisa ngrangsang pepenginan kang kuwat bisa nuwuhake ambisi lan kekarepan kanggo tumindak lan nggayuh ngantikasil.

## METODHE

Metodhe kang digunakake sajrone panliten iki yaiku metodhe deskriptif kuwalitatif. Metodhe deskriptif yaiku sawijine metodhe kang digunakake kanggo panliten adhedhasar kasunyatan sajrone kedadeyan (*fenomena*) lan urip saben dinane para panutur, saengga diasilake arupa andharan (Aminuddin, 1990:92). Panliten kualitatif minangka panliten kang ditindakake kanthi ora ngutamakake angka-angka, nanging ngutamakake penghayatan tumrap interaksi konsep kang dikaji kanthi empiris (Endraswara, 2013:5). Anggone nyuguhake dhata tumrap panliten dheskriptif kualitatif yaiku kanthi wujud deskriptif. Ancasing panliten kualitatif yaiku mujudake sawijine dheskripsi, gambaran kanthi sistematis, nyata lan akurat ngenani fakta-fakta, sipat sarta sesambungane karo pangripta kang ditintingi.

Saliyane kuwi, pendekatan kang digunakake sajrone panliten iki yaiku pendekatan psikologi. Pendekatan psikologi gegayutan karo pangripta, karya sastra, lan pamaca (Ratna, 2013:61). Pendekatan psikologi sajrone panliten iki mligine gegayutan karo karya sastra. Mula, panliten kualitatif dheskriptif digunakake amrih bisa menehi gegambaran kang gamblang, sistematis lan akurat ngenani fakta-fakta ambisine paraga sajrone novel *OOS* kanthi nggunakake pendekatan psikologis kanthi teori *psikologi kapribaden Ludwig Klages*. Panliten iki dianalisis kanthi metodhe panliten kualitatif dheskriptif kang diperang dadi patang underan panliten, antarane yaiku struktur kapribaden sajrone novel *OOS* anggitane Tulus S, wujud ambisi sajrone novel *OOS* anggitane Tulus S, lan upayane

paraga kanggo nggayuh ambisi sajrone novel *OOS* anggitane Tulus S.

Sumber dhata sajrone panliten yaiku subjek asale dhata. Sumber dhata kaperang dadi 2 jinis, yaiku sumber dhata primer lan sumber dhata sekunder (Arikunto, 2006:128). Sumber dhata primer yaiku arupa novel kanthi irah-irahan *OOSanggitane Tulus S*. Novel iki cetakan anyar ing taun 2017, kandele novel iki 152 kaca. Novel iki nggunakake basa Jawa modern. Dene crita sajrone novel kaperang dadi rolas bab utawa episode. Sumber dhata sing kapindho yaiku sumber dhata sekunder. Sumber dhata sekunder yaiku arupa teori kang bakal digunakake kanggo nintingi novel kasebut yaiku teori psikologi kapribaden Ludwig Klages.

Dhata formal panliten iki yaiku tembung, ukara, paragraf kang arupa cecaturan utawa naratif kang gegayutan karo: 1) kepriye struktur kapribaden sajrone novel *OOS* anggitane Tulus S, 2) kepriye wujud ambisi sajrone novel *OOS* anggitane Tulus S, 3) kepriye upayane paraga kanggo nggayuh ambisi sajrone novel *OOS* anggitane Tulus S. Sakabehane dhata utama kasebut diolah lan didadekake bukti kanggo ngonceki perkara ngenani ambisi paraga utama.

Panliti nggunakake rong instrumen sajrone panliten iki, yaiku instrumen pokok lan instrumen panyengkuyung. Instrumen pokok kang dimaksud yaiku panliti nindakake panliten, tegese panliten dhewe kang bisa nemokakae masalah-masalah kang wigati lan paling onjo sajrone karya novel kasebut saengga panliti bisa nganalisis kanthi jangkep, medharake sekabehane ilmu kapribaden kang kinandhut sajrone novel *OOS* kasebut. Dene instrumen panyengkuyunge kayata buku, pulpen, lan kertas kanggo nyathet dhata-dhata kang dibutuhake sajrone panliten.

Tata cara nglumpukake dhata sajrone panliten iki yaiku maca, nyathet, lan riset kapustakan. Teknik maca lan nyathet mujudake teknik kang digunakake kanggo ngasilake cara maca teks utawa literatur kang dadi sumbere panliten, banjur menehi tandha-tandha marang bab kang dipilih sajrone novel *OOS* kang gegayutan karo apa kang bakal dirembug. Dene teknik kapustakan yaiku nglumpukake dhata-dhata utawa bahan-bahan kang dijupuk saka sumber kapustakan sarta dokumen liya.

Tata cara analisis dhata sajrone panliten iki nggunakake metodhe dheskriptif kualitatif. Tujuwan metodhe iki yaiku nggawe deskripsi gegambaran kanthi sistematis, nyata, lan akurat ngenani kasunyatan sarta gegayutan antarane kedadeyan kang dititli. Kanggo ngasilake dhata-dhata kang dibutuhake panliten iki bakal nggunakake cara kanthi milihi perangan kang ana sesambungane karo kabutuhan seksual paraga sajrone novel *OOS*.

Tata cara nulis asile panliten nuduhake pangupaya panulis kanggo nyuguhake asile nganalisis dhata kanthi rancag lan sistematis. Andharan ngenani tata cara nulis asile panliten ngenani ambisi sajrone novel *OOS* anggitane Tulus S diandharake ana ing ngisor iki.

Bab I : ngandharake purwaka kang isine yaiku lelandhesane panliten, underane panliten

	ancase panliten, paedah panliten, lan wewatesane panliten.
Bab II	: ngandharake tintingan kapustakan kang isine yaiku panliten kang saemper, sastra lan psikologi, psikologi sastra, konsep ambisi, teori <i>Psikologi Kapribaden Ludwig Klages</i> , struktur kapribaden <i>Ludwig Klages</i> , dhinamika kapribaden <i>Ludwig Klages</i> lan lelandhesane teori.
Bab III	: ngandharake metodhe panliten kang isine ancangan panliten, sumber dhata lan dhata, instrumen panliten, tata cara pangumpulan dhata, tata cara nganalisis dhata, lan tata cara nulis asile panliten.
Bab IV	: ngenani andharan saka asile panliten kang kaperang dadi telu sub bab, yaiku:
1)	Ngandharake struktur kapribaden sajrone novel <i>OOS</i> anggitane Tulus S yen diawwas kanthi nggunakake tintingan <i>Psikologi Kapribaden Ludwig Klages</i> .
2)	Ngandharake wujud ambisi sajrone novel <i>OOS</i> anggitane Tulus S yen diawwas kanthi nggunakake tintingan <i>Psikologi Kapribaden Ludwig Klages</i> .
3)	Ngandharake upayane paraga kanggo nggayuh ambisi sajrone novel <i>OOS</i> anggitane Tulus S yen diawwas kanthi nggunakake tintingan <i>Psikologi Kapribaden Ludwig Klages</i> .
Bab V	: ngandharake ngenani dudutan lan pamroyaga saka asile panliten.
Kapustakan	: Nuduhake buku-buku sumber utawa buku referensi kang nunjang proses psikologi sastra.
Lampiran	: Sinopsis saka crita novel <i>OOS</i> anggitane Tulus S.

## ANDHARAN

### Struktur Kapribaden sajrone Novel *OOS* Anggitane Tulus S.

Kapribaden yaiku andharan kang ana sesambungan antarane solah bawa lan wewatakane manungsa. Kanggo mawas sistem kapribadene manungsa, Klages merang struktur kapribaden dadi telu, yaiku temperamen, pangrasa, lan daya ekspresi (Suryabrata, 2008:96). Telung perangan iki aweh pambiyantu kanggo njabarake gambaran-gambaran mental miturut paedah lan tujuane. Novel *OOS* anggitane Tulus Setiyadi iki struktur kapribaden kang bakal dirembug yaiku kapribadene paraga wanita. Struktur kapribaden paraga utama wanita bakal kajupuk saka pethikan dhialog, tembung-tembung, ukara lan solah bawane paraga utama.

### Temperamen

Temperamen minangka salah sawijine perangan saka struktur kapribaden miturut Ludwig Klages yaiku tatacara lan titikan sawijine wong kanggo menehi pananggap marang kahanan kang ana utawa kedadeyan sajrone panguripane. Temperamen kang bakal dirembug sajrone novel *OOS* iki yaiku temperamene paraga utama wanita yaiku Sarinem. Salah sawijine temperamen kang disandhang dening Sarinem yaiku temperamen *sanguinis*.

Temperamen *sanguinis* nuduhake sipat-sipat kang pantang mudur kanggo nggayuh sawijining tujuwan. Paraga Sarinem sajrone novel *OOS* iki mujudake wong kang nduweni temperamen *sanguinis* kang cundhuk karo pamawase Klages.

Temperamen kang digambarake dening Sarinem tansaya kuwat yen dideleng saka pethikan-pethikan kang bakal diandharake ing ngisor iki. Sarinem wis nuduhake pepinginane kang kuwat. Tumindak-tumindake Sarinem ngupayakake apa kang dadi pepinginane bisa kaleksanan nanging tansaya suwe, Sarinem ora bisa mbedakake endi bener lan endi sing luput. Dheweke mung ngerti yen bab kasebut kanggo nggayuh apa kang dadi pepinganane. Dideleng ing wiwitane crita, Sarinem ora gelem babar blas karo Sarkun senajan dheweke dhudha sing mapan lan sugih. Sarinem isih milih Sadimun wong lanang mlarat nanging ditresnani. Saiki Sarinem wis ora ndeleng tresna apa ora sing wigati dheweke pengin mujudake pepinginane. Andharan kasebut bisa dideleng saka pethikan ing ngisor iki.

Arin mung mesam-mesem sing gawe tambah gogrok atine Sarkun. Sajake atine wong loro saiki wis wiwit thukul rasa tresna. Nanging, Sarkun isih mangu-mangu awit kedadeyan kepungkur. Sawetara Arin sajak kagodha marang bandhane Sarkun. Sakala Arin diwalik pikire. Sing mbiyen gething marang Sarkun, saiki sajak kepengin ditumplek blek tresnane marang wong lanang kuwi. Arin sajak ulap marang kenduwenane Sarkun. Atine sangsaya lilih kepengin ndudut atine dhudha enom kuwi. (*OOS*, Kaca: 111)

Pethikan ing ndhuwur nggambarake kahanan nalika Sarinem utawa Arin kadudut atine dening Sarkun. Nalika Sarinem wis bali menyang desa, dheweke dadi kembang desa pepujane para priya. Dhasare bocahé ayu lan wis ngerti dandan mula Sarinem bisa dadi bocah wadon sing ayu kaya artis ing TV. Nalika dheweke ing kutha uga kerep kena AC sing nggawe kulite putih resik. Saiki Sarinem wis dudu bocah desa sing utun ora ngerti apa-apa nanging wong wadon sing ngerti endahe urip sarwa kacukupan. Seneng dhuwit lan ngerti yen bandha iku bisa nggawe dheweke mulya.

Andharan ing ndhuwur nuduhake sipate Sarinem sing kuwat kanggo nggayuh marang pepinginane. Sarinem uga teguh marang tujuan utamane. Sipat kasebut minangka titikan saka temperamen *sanguinis*. Sarinem wis ora ndeleng bagus orane, tresna orane, dheweke mung ndeleng kepriye panguripan kang bakal dilakoni yen sesandhingan marang wong kasebut. Wigatine apa priya kasebut bisa mulyakake dheweke lan anak turune. Pepinginan supaya urip kepenak ora kebak lumpur sawah lan panas-panasan adus kringet kanggo golek sandhang pangan. Sarinem uga wis owah pikire yen tresna kuwi bisa nomer loro, sing paling wigati yaiku bandha utawa materi. Kaya dene Sarkun wong lanang sing biyen digething saiki bisa dadi priya pepujane Sarinem amarga dheweke sugih bandha.

Sipate Sarinem sing kaya mangkono uga ana ing pethikan sabanjure. Pethikan iki Sarinem nuduhake

titikane minangka wong kang nduweni temperamen *sanguinis*. Sarinem ngatonake sipate kang pantang nyerah lan sadhar marang tujuane. Wiwitan crita Sarinem pancen wis nduweni pepinginan kang kuat kango ngowahi nasibe lan wong tuwane lan bisa dideleng sawise tumekan tengah-tengah crita Sarinem ngatonake pepinginane lumantar tumindak-tumindak kang bisa nyengkuyung kasile tujuan kasebut.

Pamikire Sarinem saiki wis beda ora kaya biyen nalika durung weruh endahing kutha Pekalongan. Sawise dheweke ngerti rasa kepenake dadi wong sing sarwa kacukupan, Sarinem dadi owah pikire. Saiki dheweke luwih bisa milah lan milih endi sing bakal bisa agawe uripe lan wong tuwane mulya ora diiles-iles karo wong gedhe. Sipat sadhar tujuwan kasebut sing ndadekake Sarinem kalebu wong kang nduweni sipat *sanguinis* miturut Klages. Andharan kasebut bisa dideleng saka pethikan ing ngisor iki.

“Wis ta Pak, ora usah mikir tekan ngendi-endi. Aku saiki wis bisa mandhiri, kabeh dakpikire dhewe. Masak arep terus ngrepotna wong tuwa. Gegayuhanku kepengin mulyakake lan ngangkat drajade wong tuwa. Wiwit mbiyen kowe mung dingo iles-ilesan liyan, awit uripe mlarat. Sawetara Kang Sarijo lan Mbak Yu Samiyem wis repot ngurusin anak bojone nganti lali marang wong tuwane. Banjur sapa sing bakal ngopeni kowe karo simbok. (*OOS*, Kaca: 122)

Pethikan ing ndhuwur nuduhake kekarepane Sarinem sing kepengin mulyakake wong tuwane. Sawise balik menyang desa, Sarinem pancen dadi kembange desa. Saben dina mesthi ana sing mara ing omahe Pak Sarimun kepengin jejakongan utawa ngajak dolan Sarinem. Pak Sarimun sebenere ora seneng yen kaya mangkono kuwi, nanging ora ngongkon lan ora meksa. Malah ana sing arep nglamar Sarinem nanging Pak Sarimun ora bisa mangsuli amarga dheweke ora wenang kango mangsuli. Pak Sarimun nganti ora kepenak ati marang wong kasebut nanging minangka wong tuwa, Pak Sarimun mung nggedhekake rasa sabare. Mula saka kuwi, Pak Sarimun ngandhani anak wadone supaya age-age milih jodho amarga wis wayahé omah-omah. Saliyane kuwi, Pak Sarimun ora kepenak yen dadi rerasane tangga-tangga yen anake kerep didolani para priya lan ora ana asile nanging Sarinem isih durung gelem omah-omah amarga dheweke isih kepengin dhewekan. Sarinem isih kepengin seneng-seneng karo uripe. Sarinem eling nalika dheweke isih rekasa lan ora bisa dolan amarga uripe sarwa kacingkrangan.

Pak Sarimun nganti bingung arep guneman kepriye maneh. Pikire Pak Sarimun kepengin age-age mungkurke anak. Apamaneh saben dina Sarinem mung dadi rerasane tangga-tangga lan malah ana sing padha sulaya nanging apa dayane Pak Sarimun yen Sarinem isih nduweni pepinginan kang gedhe uga. Pepinginane dheweke kango ngangkat drajad lan mulyakake wong tuwane. Gegayuhan kasebut kang ndadekake dheweke ora bisa grusa-grusu kango milih jodho. Jodho sing dipilih kango omah-omah kudu bisa nyukupi lan mulyakake dheweke uga wong tuwane. Mula priya sing

bakal dadi sesandhingane kudu nduweni bandha utawa wong kang mapan. Niyate Sarinem ora pengin ngrepotake wong tuwane maneh. Dheweke ora pengin yen nganti wong tuwane diiles-iles karo wong liya kaya biyen maneh.

Andharan ing dhuwur mbuktekake yen Sarinem tetep teguh marang apa kang dadi gegayuhane. Senajan dheweke kanggo rerasan tanggane ora dadi ngapa. Pancen Sarinem lagi wae golek wong lanang kang cocok karo krentege atine. Wong lanang sing bisa ndadekake pangajabe dadi kasunyatan. *Sanguinis* pancen nuduhake sipate sing kuwat kango nggayuh apa kang dadi pepinginane sing temenan. Miturut Klages, *sanguinis* ana sing asipat gampang owah pikire lan ora tetep pikire (Suryabrata, 2015: 109). Sarinem ing kene tetep teguh marang gegayuhane senajan dheweke rada owah pikire.

### Pangrasa

Pangrasa minangka salah sawijine perangan struktur kapribaden miturut Klages nduweni rong sipat pokok yaiku anane kagiyatan batin (*inner activity*) lan anane corak pangrasa. Sarinem minangka paraga utama wanita sajrone novel *OOS* iki nuduhake pepinginan, pangrasa, lan kekarepan. Pangrasa kang dituduhake dening Sarinem iki kalebu akeh amarga dheweke tansah ngalami prakara kango maneka warna. Kedadeyan-kedadeyan kasebut Sarinem bisa nuwuhake kekarepan lan nuduhake pangrasa-pangrasane.

Sasuwene Sarinem urip nganti nem belas taun, Sarinem bisa ngrasakake tresna marang wong lanang sing jenenge Sadimun. Senajan Sadimun mung bocah desa kang ora bagus praupane lan anake wong sing kacingkrangan, Sarinem ngrasa yen tresnane mung kango Sadimun. Kamangka ana dhudha nom sing kepincut karo Sarinem. Dhudha kasebut kalebu wong sing sugih bandha lan nduweni drajad sing dhuwur. Pangrasane Sarinem marang priya pepujane kasebut uga ora bisa didhelikake. Sarinem katon ngrasakake apa kang lagi disandhang dening Sadimun, priya sing ditresnani kasebut. Kabukti saka pethikan ing ngisor iki.

Sarinem banjur jumangkah ngalih saka papan kono. Batine prihatin nyawang Sadimun kang sajak sedhih. Pacare kuwi sajak kelangan gegayuhuan. Mangka satemene gedhene katresnane Sarinem durung kawetu ing wektu iki. Mbokmenawa jejere bocah wadon, nadyan tresnane pindha jembare samudra isih katutup isin. (*OOS*, Kaca: 32)

Pethikan ing ndhuwur nggamarake kahanan kang sedhih. Kedadeyan kasebut awit saka Sarinem dilamar dening dhudha enom sing jenenge Sarkun. Sarkun kuwi dhudha anak siji sing sugih lan nduweni drajat kang dhuwur ing desa kono. Kerep kulawargane Sarinem nrima barang-barang saka Sarkun kang arupa sandhangan lan panganan. Sarinem sakulawargane uga nate dijak dolan nganggo mobil. Karepe Sarkun kepengin ngolehake Sarinem dadi sisihane lan ibu saka anake nanging Sarinem wis nduwe priya sing ditresnani yaiku Sadimun.

Nalika sapatemon karo Sarinem ing pinggir sawah, Sadimun nyuntak apa kang dadi uneg-unege

sasuwene iki. Sadimun kepengin ngrabi Sarinem lan urip bebarengan. Sadimun ngeyakinake Sarinem yen dheweke kuwi nduweni tresna kang sejati kango Sarinem nanging Sadimun nduwe rasa sumelang awit saka panyawange bapake Sarinem marang Sadimun sing kaya kurang sreg. Semono uga pamikire Sarinem, dheweke durung siyap omah-omah. Wong kang arep omah-omah kudu nduwe paitan lan penggaweyan. Sarinem tetep teguh marang kekarepane sing kepengin urip sing mulya. Kepengin mbesuk anak-anake ora nglakoni urip sengsara kaya wong tuwane. Senajan wong tuwane mung lulusan SMP lan ora gableg nanging bisaanake nglakoni urip kango luwih mulya.

Andharan ing ndhuwur nuduhake pangrasane Sarinem. Sarinem nggamarake pangrasa kang kalebu swasana pangrasa. Pangrasa kang tuwuhsajrone atine Sarinem bisa disebabake dening rasa tresnane kang gedhe marang Sadimun. Rasa prihatin lan sedhiih yen nyawang wong sing ditresnani kasebut ngalami bab kang ora kepenak. Wiwitane crita, Sarinem nduweni sipat kang teguh marang pamikire. Sarinem ora owah pikire nalika Sadimun priya kang ditresnani kasebut kepengin ngajak urip bebarengan. Sarinem tetep nulak pangajake Sadimun amarga Sarinem durung siyap. Klages ngadharake yen sajrone pangrasa kinandhut pepenginan. Pepenginan kasebut ana sing nulak lan nampa. Sajrone ngalami kedadeyan kasebut, Sarinem nuduhake yen dheweke nulak apa kang dikarepane dening Sadimun senajan Sarinem nresnani priya kasebut.

#### **Daya Ekspresi**

Sarinem minangka paraga utama wanita sajrone novel *OOS* iki nuduhake ekspresi kang maneka warna. Kedadeyan-kedadeyan kang dialami dening Sarinem njalari dheweke nuduhake ekspresi-ekspresi. Sakabehe pawongan nduweni ekspresi, nanging ora sekabehane bisa medharake ekspresi kasebut. Sarinem sajrone crita iki kabukti bisa nuduhake daya ekspresine. Kanthi sethithik rangsangan wae, Sarinem bisa nuduhake ekspresine.

Daya ekspresi kang dituduhake dening Sarinem minangka wujud saka ambisine sing kepengin ngowahi panguripane supaya luwih mulya. Ambisi kang diduweni dening Sarinem nuuhake daya ekspresi kang katon nalika dheweke ngalami prakara kang gedhe sajrone nggayuh ambisine. Sarinem sing mung bocah nembelas taun kang polos kasebut dadi nduweni kekarepan kang gedhe sajrone uripe. Ora kepengin yen uripe terus-terusan diina dening wong liya. Salah sawijine daya ekspresi kang dituduhake dening Sarinem yaiku nalika dheweke lunga menyang kutha Pekalongan kang endah sarwa samubarang kang apik. Sarinem dadi nduweni pepenginan urip ing kutha kang sarwa endah kasebut. Sarinem nyoba golek penggaweyan supaya dheweke ora nyusahake wong tuwane lan sadulure maneh. Kabukti saka pethikan ing ngisor iki.

Jenenge bocah wis rumangsa kepenak lan seneng tetep kukuh ora gelem mulih. Malah Sarinem kepengin nyoba golek panguripan ing kutha Pekalongan. Apamanah nalika werih endahe samodra lan ramene kutha. (*OOS*, Kaca: 78)

Pethikan ing ndhuwur minangka daya ekspresi kang dituduhake dening Sarinem sajrone mujudake ambisine. Prakara kang dialami Sarinem ing desa nyebabake dheweke lunga menyang kutha Pekalongan. Sajak mlese saka tujuwane, wiwitane Sarinem mung pengin dolan sedina rongdina ing omahe Mbakyune Samiyem kang manggon ing kutha Pekalongan kasebut. Dhasare bocah lugu lan uripe ing desa, nalika weruh endahing kutha Pekalongan kang kebak samubarang kang apik-apik Sarinem ngrasa krasan lan tuwuhsipinginan kanggo nggolek penggaweyan ing kutha kasebut. Dheweke kepengin nyoba urip mandhiri ora ngrepotake wong tuwane utawa Mbakyune. Pepenginan Sarinem kasebut disembaiki dening Mbakyune. Sarinem klakon nyambut gawe ing butike Mbak Indri, kancane Samiyem kang mbukak toko batik ing pasar.

Tumindake Sarinem kasebut minangka upaya kanggo mujudake pepenginan. Sarinem nyoba urip mandhiri golek kerja ing kutha kang durung nate disaba supaya dheweke bisa luwih maju lan urip mulya. Ambisine kanggo urip mulya kasebut diwiwiti saka tumemen lan sregep anggone nyambut gawe supaya bisa ngasilake dhuwit kanggo mulyakake wong tuwa lorone. Tumrap bocah 16 taun sing mung lulusan SMP lan ora nduwe ketrampilan apa-apa, Sarinem mung bisa tumindak kang kaya mangkono supaya bisa nyenengake juragane.

Sarinem sadhar yen ambisine kasebut ora bisa kawujud yen dheweke dhewe sing merjuwangake. Apamanah yen kepengin urip mulya. Tumrap Sarinem kang ora nduwe apa-apa kudu wani ngrasakake pait getire urip ing kutha gedhe supaya bisa kasil gegayuhane. Sakabehane wong pancen kepengin urip mulya lan kepenak, nanging yen ora ngupaya lan mung tumpang dhengkul ora bakal bisa kasil. Sarinem bisa malik pikire amarga dheweke nduweni pepenginan kang gedhe kasebut. Saiki Sarinem ora mung bocah wadon desa kang ora ngerti apa-apa nanging saiki dheweke dadi bocah wadon kang mandhiri. Dheweke saiki wis jumangkah sithik mbaka sithik supaya pepenginan bisa kawujud.

#### **Wujud Ambisi sajrone Novel OOS**

Manungsa ing alam donya mesthi nduweni pepenginan, nanging yen pepenginan kasebut nduweni daya kang gedhe diarani ambisi. Ambisi yaiku kekarepan kang gedhe kanggo nggayuh apa kang dipenginake, biasane luwih cundhuk karo bab drajat, kalungguhan, kamulyan, kasugihan, pangkat, lan sapanunggalane. Sejatiné ambisi minangka sipat alamiah kang bisa diduweni sakabehe manungsa, nanging ana kang nggayuh kanthi cara sing bener utawa kanthi cara kang ora bener. Manungsa kang nduweni ambisi kang gedhe biasane ora bisa ngendhalekake dirine, kadhang kala malah ora bisa ndeleng prakara kang bener lan lput. Akeh pawongan kang mbenerake sakabehe cara kanggo nggayuh ambisine. Wong kang nduweni ambisi kang gedhe bakal nglakoni apa wae kanggo nggayuh kekarepane, ora ndeleng iku sanak utawa kadang, nanging uga ana wong kango bisa ngendhalekake dirine supaya bisa mlaku ing dalan kang bener.

Wujud ambisi paraga kang digambarake dening pangripta sajrone novel *OOS* didhasari saka niyate sing kepengin mulyakake wong tuwane. Ambisi yaiku pepenginan kanggo nggayuh samubarang utawa kekarepan kanthi sukses amarga bisa ndadekake manungsa nglakoni tumindak kanggo nggayuh tujuwan kang dadi kekarepane. Miturut Klages wong kang nduweni temperamen *sanguinis* nuduhake wong kang ora gampang mundur kanggo nggayuh samubarang kang dipenginake, adhedhasar bab kasebut ambisi tuwuhan sajrone dhiri pribadine manungsa (Suryabrata, 2003: 108). Wujud ambisi kang digambarake dening paraga utama wanita ing kene yaiku urip mulya. Sarinem minangka paraga utama wanita sajrone novel *OOS* iki nuduhake sakabehe tumindake kanggo nggayuh ambisine kasebut.

Wujud ambisi urip mulya sajrone novel *OOS* iki ana loro yaiku ngangkat drajate lan ngolehake sesandhingan kang mapan. Sarinem yakin yen cara kasebut bisa mujudake ambisine kanggo urip mulya. Nasibe dadi wong cilik sing sengsara lan diina dening liyan nuwuhanke ambisine kasebut. Tumrap wong cilik kaya Sarinem lan kulawargane ambisi kasebut kalebu ambisi kang abot amarga ora nduwe apa-apa kang bisa diunggulake. Pepalang kasebut ora dadi prakara kanggone Sarinem. Dheweke tetep teguh marang ambisine supaya bisa urip mulya lan diregani dening wong liya.

### **Ngangkat Drajat**

Sakabehe wong mesthi kepengin nduweni drajat kang dhuwur. Wong kang nduweni drajat kang dhuwur bakal diregani lan dikurmati dening wong liya uga suwaliike. Drajat yaiku tingkatan, pangkat, lan kalungguhan. Drajate manungsa ing alam donya bisa ditegesi tingkatan, martabat, lan kalungguhan manungsa minangka ciptane Gusti kang nduweni kabisan kodrati, hak, lan kuwajiban asasi. Drajat iku pangkat kaluhuran kang ora diduwensi sakabehe wong. Wong kang drajate dhuwur biyasane diduwensi dening wong sugih, wong keturunan ningrat, wong-wong pangkat kayata pejabat lan aparatur. Wong-wong kasebut bakal dikurmati marang sapa wae amarga nduweni pangaribawa marang sawijine bab. Suwaliike, yen wong mlarat bakal diasorake dening wong liya. Tansah dadi kalah-kalahane lan kesete wong-wong pangkat kasebut. Prakara kasebut wis tumancewana ing donya iki. Kamangka drajate manungsa ing alam donya iki ditemtokake dening ketakwaane, ngibadahe, lan tumindak kabecikane.

Paraga utama sajrone novel *OOS* anggitane Tulus S iki uga nindakake bab kanggo ngangkat drajate. Ambisine supaya bisa urip mulya digayuh kanthi cara ngangkat drajate lan wong tuwane. Sarinem minangka paraga utama sajrone novel iki wis ora betah yen kudu urip kaya sing sasuwene iki dilakoni. Sarinem wegah yen terus-terusan urip rekasa lan diina dening wong liya. Senajan Sarinem ora nduweni ketampilan lan ijasah kang dhuwur, ora ngalang-ngalangi gegayuhane kanggo urip mulya. Miturute sapa wae wong kang gelem ngupaya lan merjuwangake pepenginane bakal bisa kawujud ing tembe mburi. Sarinem yakin yen mbesuk dheweke klakon ngowahi nasibe lan wong tuwane sing

mung buruh tani kasebut. Ambisine Sarinem kasebut kabukti saka pethikan ing ngisor iki.

“Ahh... ora! Aku ora pengin nduwe gegayuhan dadi wong tani. Apamaneh anak-anakku mengko aja nganti ndulit lumpure sawah. Yoben wong tuwane goblok pandongaku anak-anakku bisa urip mulya nututi kanca-kancane,” pangudarasane Sarinem. Sarinem terus lumaku tumuju omahe sing ora pati adoh. Pikiran isih tumuju marang wewayangane Sadimun. Batine perang marang nasib sing dialami. Niyate kepengin ngrubah supaya drajate mundhak. (*OOS*, kaca: 33-34)

Pethikan ing ndhuwur nuduhake ambisine sing kepengin urip mulya. Wong desa biyasane nduweni pamikiran kang cupet. Arang wong sing gelem merjuwangake gegayuhane amarga urip ing desa pancen kebak pamikiran kang cethok nanging ora kanggo Sarinem. Bocah wadon kasebut nduweni ambisi kang gedhe senajan dheweke mung anake wong tani. Nalika sapatemon karo pacare sing jenenge Sadimun ing pinggire tangkis, Sarinem medharake uneg-unege marang Sadimun. Awit saka Sadimun pengin ngajak rabi nanging Sarinem nulak apa kang dadi pepenginane pacare mau amarga dheweke lan pacare durung cukup umur kanggo omah-omah. Kalorone uga durung nduwe penggaweyan. Sakabehe isih njaluk marang wong tuwa. Sarinem wegah yen mbesuk nalika wis omah-omah dheweke isih ngrepotake wong tuwane utawa maratuwane.

Sarinem mung bocah ndesa sing mung lulusan SMP, anake wong sing kacingkrangan. Saben dina wong tuwane buruh tani pepe ing sawah lan ingon sapi kanggo celengan. Awake ireng lan reged amarga saben dina kebak endhut ing sawah. Kahanane kulawargane uga kebak pacoban amarga dadi wong cilik kuwi mesthi dadi kesete wong gedhe. Kahanane kasebut sing ndadekake Sarinem nduweni pamikiran lan ambisi kanggo urip kepenak. Saora-orane senajan Sarinem bakal dadi buruh tani kaya wong tuwane nanging anake mbesuk bisa urip mulya kaya kanca-kancane. Ora nduweni nasib sing padha karo wong tuwane. Pepenginane Sarinem, anak turune mbesuk ora ndulit endhute sawah. Senajan dheweke mung lulusan SMP ora dadi pepalang kanggo mujudake ambisine. Sarinem bakal terus ngupaya supaya klakon bisa ngrubah nasibe dadi wong kang mulya.

Andharan ing ndhuwur nuduhake ambisine Sarinem supaya bisa urip mulya kanthi ngangkat drajate. Sarinem ora pengin yen nasibe anak-anake kaya wong tuwane sing bodho lan mlarat kuwi. Salah sawijine ambisine supaya bisa urip mulya yaiku kanthi cara ngangkat drajate. Kulawargane bakal ora diasorake maneh dening liyan yen drajate bisa mundhak. Sithik mbaka sithik Sarinem tansah ngupaya supaya ambisine bisa kawujud. Sarinem ora tega yen kudu meruhi wong tuwane diina marang wong liya. Kulawargane mesthi kanggo kalah-kalahane awit dadi wong cilik pancen ora nduwe daya lan kakuwatan. Kahanane kasebut mbesuk bakal diowahi dening Sarinem. Pangajabe mbesuk kulawargane bisa mentas saka kasengsaran kasebut lan bisa urip mulya.

**Ngolehake Sesandhingan kang Mapan**

Sakabehe wong kang urip ing alam donya mesthi nduweni pepenginan. Pepenginan yaiku sakabehe kabutuhan kang asipat luwih marang sawijine barang utawa jasa kang pengin diwujudake dening manungsa amarga isih dianggep kurang. Manungsa kang nduweni pepenginan ora bakal marem yen pepenginane kasebut durung kawujud. Uripe bakal ngrasa kurang amarga durung bisa mujudake pepenginane nanging yen pepenginan kasebut tansaya kuwat ing dhirine bakal ndadekake ambisi.

Wong kang nduweni ambisi ora bakal mundur sadurunge bisa nggayuh samubarang kang dipenginake. Bab-bab kang njalari tuwuhe ambisi sajrone dhiri manungsa yaiku panyurung-panyurung, hasrat, napsu, lan pepenginan. Panyurung-panyurung kasebut ana sajrone dhiri manungsa awit lair kang ora disadhar, lan ana sambung rakete karo pangrasa-pangrasa sing luwih jero. Pendhidhikan lan pakulinan uga bisa nguwatake lan menehi pangaribawa marang panyurung kasebut. Sarinem minangka paraga utama sajrone novel *OOS* iki nuduhake panyurung-panyurung, napsu, hasrat, lan pepenginane kang gedhe kanggo urip mulya. Salah sawijine cara supaya dheweke bisa urip mulya yaiku kanthi nduweni sesandhingan kang mapan. Adhedhasar bab kasebut Sarinem bakal nglakoni tumindak apa wae supaya bisa ngolehake sesandhingan kang mapan.

Carane Sarinem mujudake ambisine kanggo urip mulya sajrone novel *OOS* iki yaiku salah sawijine kanthi ngolehake sesandhingan kang mapan. Urip sing dilakoni dening Sarinem pancen kebak prakara, pacoban, lan pepalang sajrone mujudake ambisine kayata nalika dheweke ngupaya ngolehake priya-priya kang bisa mulyakake uripe. Ora mung siji loro priya kang kepincut marang ayune Sarinem, nanging akeh. Ana ngendi wae Sarinem manggon ing kono dheweke mesthi dadi punjering kawigatene para priya. Senajan pendhidhikan ora dhuwur lan asale saka desa ora njalari Sarinem pupus gegayuhane. Sarinem isih bisa ngunggulake dedeg piadege, pakulitane kang putih, lan ayune kanggo ngolehake priya kang bisa mulyakake. Kabuki saka pethikan ing ngisor iki.

Sawetara kuwi Arin mung bisa nampa wae apa sing diwenehake Mas Andre kalebu rasa tresnane. Menawa disawang saiki Arin pancen kaya nyonya mudha wae. Panganggone sarwa pantes, gumebyar nganti ngalahake artis sinetron. Kanca-kancane sing ana caffe akeh sing padha meri. (*OOS*, kaca: 100)

Pethikan ing ndhuwur nuduhake upayane Sarinem kanggo ngolehake sesandhingan kang mapan. Nalika urip ing kutha Pekalongan, Sarinem ora mung nyambut gawe ana ing butik nanging uga ana ing caffe. Caffe kasebut diduweni dening Mas Andre, priya bagus kang wis nduwe bojo. Nalika nyambut gawe ana ing caffe Sarinem dadi punjering kawigaten. Sarinem pancen wong wadon kang ayu. Dedeg piadege lan pakulitane putih kaya artis ing TV. Sakabehe priya sing teka ing caffe mesthi kesengsem karo ayune Sarinem, semono uga Mas Andre. Sarinem wis nggawe juragane kasebut seneng marang dheweke. Awit saka nyambut gawene sing sregep lan ulet, Mas Andre uga seneng marang

pribadine Sarinem sing grapyak lan kenes. Mas Andre wis kepincut marang bocah wadon desa kasebut.

Saben dina, Mas Andre tansah nggatekake apa kang ditindakake dening Sarinem. Saben wayah mulih, Mas Andre mesthi mulih keri dhewe supaya bisa bareng karo Sarinem nanging Sarinem ora ngerti yen juragane wis kepincut marang dheweke. Sawijining dina, nalika Sarinem arep mulih dheweke nampa bungkus sing isine sandhangan lan ali-ali. Sarinem ngrasa bungah nanging atine kebak sewu pitakonan apa karepe juragane kasebut. Sesuke, kaya padatan Sarinem bali keri dhewe amarga kudu resik-resik caffe. Wektu iku uga ana Mas Andre kang durung bali saka caffe. Sarinem age-age marani juragane kasebut lan takon apa sebenere karepe menehi barang-barang kasebut. Mas Andre banjur medharake apa kang dirasakake sasuwene iki marang Sarinem. Mas Andre kepengin yen sesambungan antarane Sarinem lan dheweke ora mung bos karo karyawane nanging luwih. Sarinem mung bisa nampa rasane Mas Andre kasebut. Sarinem uga seneng marang juragan sugih lan bagus kasebut senajan wis nduwe bojo.

Sesambungan antarane Sarinem lan Mas Andre tansaya rumaket. Saben mulih nyambut gawe, Sarinem mesthi diajak dolan-dolan. Sawetara kuwi, Sarinem mung nampa wae kang diwenehake Mas Andre. Sarinem saiki wis kaya nyonya mudha sing panganggone sarwa pantes lan gumebyar nganti ngalahake artis sinetron. Sarinem saiki wis bisa mandhiri lan ngontrak omah dhewe. Saben wulan Sarinem ora lali ngirim jatah marang wong tuwane ing desa. Ora lali saben lodhang Sarinem mesthi niliki Mbakyune lan mesthi ninggal sang. Akeh kanca-kancane sing padha meri marang uripe Sarinem saiki. Rambute disemir abang kaya bulé lan wis nduwe akun *facebook* uga *instagram*.

Ngolehake sesandhingan kang mapan minangka salah sijine cara supaya Sarinem bisa mujudake ambisine yaiku urip mulya. Sesandhingan kang mapan lan sugih bakal bisa ndadekake uripe kepenak kayata Mas Andre juragan caffe. Nalika Sarinem sesambungan karo Mas Andre, uripe bisa mulya. Kepengin apa wae bakal kawujud ora kaya nalika ing desa, yen kepengin apa-apa kudu klumpluk-klumpuk dhisik. Kanggo mangan wae kudu nyambut gawe pepe ing sawah nganti ireng lan asile ora sepira. Beda karo urip ing kutha apa maneh nduwe priya kang bisa disambati. Sakabehe pepenginane Sarinem bisa diwujudake. Tumindak apa wae bakal dilakoni yen Sarinem bisa ngolehake priya kasebut. Ambisine kanggo ngolehake sesandhingan kang mapan kasebut ora mung ing kutha nanging uga ing desa.

#### Upaya Paraga kanggo Nggayuh Ambisi sajrone Novel *OOS*

Sakabehe gegayuhan utawa pepenginan mesthi mbutuhake upaya supaya bisa kawujud. Manungsa kang nduweni pepenginan kang gedhe kudu nduweni upaya kanggo nggayuh pepenginan kasebut. Upaya yaiku sawijine tumindak kanggo nggayuh sawijine bab, ngrampungake prakara kang dialami saengga bisa mujudake apa gegayuhane. Upaya kasebut ana kang becik lan ala. Wong kang nduweni ambisi kang gedhe yen ora bisa nata pamikire lan atine bakal ora bisa

mbedakake becik lan ala. Wong kasebut bakal nglakoni sakabehe upaya kanggo nggayuh apa kang dadi pepenginane. Upaya kang becik bakal ngolehake asil kang becik lan uga suwaliike. Wong kang nglakoni upaya kang ala bakal ngolehake walesan utawa asil kang ala. Luwih becik sakabehe tumindak dilakoni kanthi jujur lan eling yen mesthi ana walesan ing tembe mburi.

Upaya paraga sajrone novel *OOS* anggitane Tulus S iki maneka warna. Sarinem minangka paraga utama wanita tansah nuduhake upayane kanggo nggayuh ambisine. Upaya kang dilakoni dening Sarinem ana kang ala lan ana kang becik. Sarinem ing crita iki nggambarake paraga kang bakal nglakoni apa wae supaya gegayuhane bisa kawujud yaiku urip kang mulya. Kedadeyan-kedadeyan kang dialami ndadekake pribadi kang ora gampang mundur. Sadurunge gegayuhane kasebut bisa kawujud, Sarinem bakal nglakokake upaya apa wae senajan upaya kasebut kalebu tumindak kang nerak paugeran lan tata susila. Sarinem wis ora nggagas bab lput apa orane, sing wigati dheweke lan kulawargane bisa klakon urip kanthi mulya, drajate kaangkat, lan diregani dening wong liya. Upaya-upaya kang dilakoni dening Sarinem yaiku sregep, pangurbanan, kendel, lan ora gampang mundur.

### Sregep

Wong kang nduweni pepenginan kang gedhe mesthi bakal ngupayakake supaya pepenginan kasebut bisa kawujud. Bisa kanthi cara kang becik lan kanthi cara kang ora becik. Tumindak kang becik kanggo nggayuh pepenginan kasebut salah sawijine yaiku sregep. Sregep yaiku sipat manungsa kanggo nglakoni sawijine bab kanthi tumemen kanggo nggayuh sawijine tujuwan. Wong kang nduweni sifat sregep tansah nglakoni pengaweyan kanthi mempeng sarta tlaten. Ora sakabehe wong nduweni sifat sregep. Wong kang sregep biyasane bisa mujudake apa kang dadi pepenginane amarga dheweke ulet lan tlaten sajrone nglakoni sawijine bab. Wong sing nduweni sifat sregep bisa nata pamikire saengga apa kang dilakoni bisa dadi bab kang wigati.

Wong kang sregep anggone nyambut gawe kanthi pangajab kepengin urip kang mulya luwih becik tinimbang ora tumindak apa-apa. Sakabehe upayane bakal mujudake apa kang dadi pangajabe. Paraga Sarinem sakulawarga sajrone novel *OOS* iki tansah nglakoni jejibahane kanthi sregep senajan urip kang dilakoni abot.

Paraga Sarinem sajrone novel *OOS* iki nuduhake sifat kang sregep anggone nyambut gawe. Sifat sregep kasebut minangka upayane kanggo mujudake gegayuhane. Wiwit mbiyen paraga Sarinem kepengin yen uripe mulya, ora mung dadi buruh tani pepe ing sawah. Sarinem wegah yen kudu nyambut gawe rekasa lan asile ora sepira. Sarinem yakin yen dheweke nyambut gawe kanthi sregep lan tumemen bakal kasil apa kang dipenginake. Tujuwan utamane kanggo mulyakake wong tuwa lorone. Tumrap bocah 16 taun sing mung lulusan SMP lan ora nduwe ketrampilan apa-apa, Sarinem mung bisa tumindak kang kaya mangkono supaya bisa nyenengake juragane.

Telung sasi Sarinem wis kerja melu Mbak Indri. Dhasare bocah sregep lan temen gawe senenge juragane. Saya suwe juragane aweh kawigaten supaya Sarinem gelem dadi asistene Mbak Indri. Rasane kaya ketiban rembulan, saiba gedhene kanugrahan Gusti sing diparingake. Bola-bali Sarinem mung bisa ngucap sokur lan ngaturake panuwun. Bocah lugu kuwi saiki mundhak ayu lan kenes awit njumbuhake karo penggaweyane. Tokone Mbak Indri dadi rame, awit kejaba bathike apik-apik uga padha penasaran karo ayune Sarinem. (*OOS*, kaca: 79-80)

Pethikan ing ndhuwur nuduhake tumindake Sarinem kang tumemen anggone nyambut gawe. Prakara kang dialami Sarinem ing desa nyebabake dheweke lunga menyang kutha Pekalongan. Dhadhane isih ngrasa seseg nalika kelingan apa kang wis dialami kulawargane ing desa. Tumindake para pawongan kang nduweni drajat sing dhuwur nalika nglamar dheweke isih njalari lara atine. Pancen Sarinem lan kulawargane mung wong cilik lan sarwa kacingkrangan nanging Sarinem wegah yen nglakoni tumindak kang sarwa kepeksa. Sarinem ora gelem yen kudu rabi karo Sarkun, dhudha anak siji sing sugih. Mula, jalaran prakara kasebut Sarinem lunga menyang kutha Pekalongan kang bisa nambani lara atine.

Nalika nyambut gawe ing butike Mbak Indri, Sarinem sregep lan tumemen anggone nyambut gawe. Sarinem malih dadi bocah kang ayu lan pakulitane dadi putih sawise nyambut gawe ing butike Mbak Indri. Telung sasi nyambut gawe ing butik kasebut, Sarinem bisa ngladeni wong sing tuku kanthi grapyak lan muwasake nganti butike Mbak Indri dadi rame. Ora let suwe, Sarinem dipercaya dadi asistene Mbak Indri. Bungah banget atine Sarinem bisa nrima kanugrahan kasebut. Tansaya suwe Sarinem bisa ngirim jatah marang bapak simboke ing desa saka asile nyambut gawe ing butik kasebut.

Tumindake Sarinem kasebut minangka upaya kanggo mujudake pepenginane. Sarinem nyoba urip mandiri golek kerja ing kutha kang durung nate disaba supaya dheweke bisa luwih maju lan urip mulya. Ambisine kanggo urip mulya kasebut diwiwiti saka tumemen lan sregep anggone nyambut gawe supaya bisa ngasilake dhuwit kanggo mulyakake wong tuwa lorone. Tumrap bocah 16 taun sing mung lulusan SMP lan ora nduwe ketrampilan apa-apa, Sarinem mung bisa tumindak kang kaya mangkono supaya bisa nyenengake juragane.

Katrangan ing ndhuwur minangka bukti yen upaya kang tuwuhan saka ambisi kang diduweni Sarinem yaiku sregep anggone nyambut gawe. Sarinem sadhar yen ambisine kasebut ora bisa kawujud yen dheweke dheweke sing merjuwangake. Apamaneh yen kepengin urip mulya. Tumrapne Sarinem kang ora nduwe apa-apa kudu wani ngrasakake pait getire urip ing kutha gedhe supaya bisa kasil gegayuhane. Sakabehane wong pancen kepengin urip mulya lan kepenak, nanging yen ora ngupaya lan mung tumpang dhengkul ora bakal bisa kasil. Sarinem bisa malik pikire amarga dheweke nduweni pepenginan kang gedhe kasebut. Saiki Sarinem

ora mung bocah wadon desa kang ora ngerti apa-apa nanging saiki dheweke dadi bocah wadon kang mandhiri. Dheweke saiki wis jumangkah sithik mbaka sithik supaya pepenginane bisa kawujud.

### Pangurbanan

Upaya kanggo merjuwangake pepenginane kang gedhe mesthi ana sing dikurbanake. Pangurbanan ora mung awujud bandha nanging apa wae sing diduweni. Pangurbanan yaiku *proses*, tata cara, utawa tumindak ngurbanake. Pangurbanan bisa ditegesi tumindak menehi sawijine bab kang wigati minangka tandha bekti utawa kasetyan marang wong liya. Ora sakabehe bab kang diwehake kalebu pangurbanan. Bisa diarani pangurbanan yen apa kang diwenehake kasebut minangka bab kang wigati. Ora sakabehe wong bisa nindakake pangurbanan amarga sajrone pangurbanan mesthi ana rasa lila. Pangurbanan kasebut bisa arupa bab kang awujud lan ora awujud (mung bisa dirasakake).

Urip ing alam donya mesthi mbutuhake perjuwangan kang kudu dilakoni dening sakabehe manungsa lan apa wae kang nduweni nyawa supaya bisa urip. Saben-saben tumindak lan prakara kang dialami mesthi ana sebab lan akibate. Manungsa kudu pinter anggone tumindak supaya ora nuwuhaake prakara anyar. Sakabehe tumindak kudu dipikir kanthi temenan lan ora grusa-grusu. Wong kang cupet pamikire bakal ora bisa mbedakake bener lan luput. Apamaneh yen atine wis katutup rasa dhedham utawa mangkel. Mula, kudu tansah eling lan waspada sajrone nglakoni tumindak apa wae.

Tumindake Sarinem kasebut kalebu pangurbanan sajrone nggayuh apa kang dadi pepenginane. Tumrape Sarinem sing ora nduwe apa-apa, sakabehe tumindak bakal dilakoni supaya bisa mujudake pepenginane. Sarinem wis ngurbanake ajine dhiri kanggo ngolehake juragane kang sugih kasebut. Senajan Sarinem ngerti yen juragane wis nduwe bojo nanging dheweke tetep gelem dadi simpenane amarga juragane kasebut bisa menehi panguripan kang kepenak. Sarinem wis siyap yen mbesuk kudu ngadhepi bojone juragane. Sarinem lila lan nampa yen bakale dheweke kudu wirang lan diajar dening bojone. Ora mung ajining dhiri nanging Sarinem uga ngurbanake siji-sijine bab kang paling wigati tumrape wanita supaya bisa mujudake pepenginane. Kabukti saka pethikan ing ngisor iki.

Tanpa nduweni ketrampilan lan ijasah sing dhuwur kanggo ngetutke kemajuanne jaman, Arin kepeksa nggadhekna awake marang priya sing dianggep bisa menehi panguripan. Mungguhe Arin, apa tegese prawan. Saiki kanggo mbesok ya kanggo. Bocah wadon kuwi saiki wis ora nggasas marang ajine dhiri, sing baku bisa nyukupi kabutuhan urip. (*OOS*, kaca: 133-134)

Pethikan ing ndhuwur nuduhake pangurbanane Sarinem supaya bisa mujudake pepenginane kang gedhe. Nalika Sarinem mingat ing Jogja, dheweke sesambungan maneh karo Okta. Okta yaiku mahasiswa kedhokteran kang ditepungi nalika nyambut gawe ing butike Mbak Indri. Kebeneran Sarinem isih nyimpen nomer telpune Okta kang kuliyah ing Jogja kasebut. Sawise bisa sesambungan maneh karo Okta, Sarinem

diajak dolan-dolan ing kutha Jogja dening Okta. Sarinem nguntabake rasa sedhihe marang nasib sing dialami. Kasunyatane Okta bisa ndadekake tentrem atine Sarinem. Wong loro kasebut tansaya kepenak anggone cecaturan nganti lali wektu.

Nalika teka losmen, Okta ora langsung mulih nanging nginep ing kamare Sarinem. Wong loro kasebut klelep marang karepe nepsu nganti lali marang paugeran. Nganti limang dina Okta ora mulih saka penginepane Sarinem. Wong loro kasebut ngrasa marem nganti ora krasa wis ping pira anggone ngumbar asmara. Sarinem panceun wis kesengsem marang Okta. Priya bagus calon dhokter kasebut wis nggawe gumetere atine Sarinem. Pangajabe Okta bakal dadi sesandhingane lan dheweke klakon dadi bojone dhokter. Mula saka kuwi dheweke nglakoni apa wae supaya bisa ngolehake calon dhokter kasebut.

Kedadeyan kaya mangkono ora mung dilakoni karo Okta. Sarinem nglakoni tumindak kang nerak paugeran kasebut karo priya-priya sing miturute bisa njamin uripe kang mulya. Kaya dene calon dhokter, Mas Andre juragan caffe, lan Sarkun dhudha sugih ing desane. Sarinem ora nglakoni tumindak kasebut karo sembarang wong lanang. Sarinem ngrasa kepeksa nglakoni tumindak kasebut supaya bisa ngolehake sesandhingan kang mapan. Tumrape Sarinem bocah desa kang ora nduwe ketrampilan lan ijasah sing dhuwur apa maneh sing bisa dilakoni yen ora kudu nggadhekne siji-sijine barang kang diduweni. Pangajabe priya-priya kasebut tanggung jawab lan klakon dadi sesandhingane.

Mujudake pepenginane kang gedhe panceun ora gampang. Sarinem kudu ngurbanake bab kang wigati yaiku nggadhekna pawadonane. Sarinem kudu nggunakake cara kang nistha kasebut supaya bisa ngolehake priya kang disenengi. Priya kang bisa nyukupi kabutuhan uripe lan mulyakake kaluwargane. Ambisi kasebut sing ndadekake Sarinem kudu ngurbanake bab kang wigati kasebut. Sarinem wegah yen kudu urip rekasa lan diiles-iles dening wong liya. Pepenginane kang gedhe mesthi mbutuhake pangurbanan kang gedhe uga. Mula saka kuwi, Sarinem siyap yen kudu ngurbanake apa wae sing diduweni supaya uripe kepenak ing tembe mburi.

### Kendel

Upaya kanggo nggayuh ambisi sajrone novel *OOS* iki salah sawijine yaiku kendel. Kendel yaiku sawijine tumindak sing dilakoni dening wong kang ora preduli marang kedadeyan ing tembe mburi. Wong kang nduweni sipat kendel bakal bisa tumindak kanthi wicaksana tanpa anane rasa wedi. Wong-wong kang nduweni sipat kendel bakal bisa mujudake pepenginane lan ngowahi panguripane lan wong-wong sakupenge. Kendel uga bisa ditegesi tumindak merjuwangake sawijine bab kang dianggep wigati lan bisa ngadhepi sakabehe prakara kang dadi pepalang amarga wis percaya marang bebener. Wong kang kendel tansah wani ngadhepi sakabehe bebaya, kasusahan, kasangsaran, lan sapanunggalane. Urip tanpa rasa kendel bakal ndadekake urip kasebut muspra. Titikane wong kang nduweni rasa kendel yaiku *optimis*, tumindak kang nyata, semangat, siyap nanggung akibate, lan *konsisten*.

Kendel minangka upaya paraga utama sajrone novel *OOS* iki digambarake nalika ngalami prakara kang nyebabake kulawargane nandhang kasusahan. Sarinem minangka paraga utama wanita nggawe gegere desane amarga ora gelem dirabi dening dhudha sugih kang wis menehi barang-barang apik marang kulawargane. Sarinem nuwuhake prakara gedhe kang nyebabake wong-wong pangkat ing desane padha ngasorake wong tuwane. Dhudha kasebut pancer wong kang kondhang lan nduweni kalungguhan sing dhuwur ing desa, mula wong-wong pangkat padha melu campur tangan. Kedadeyan kasebut ndadekake Sarinem wani lunga saka omah. Sarinem bocah nembelas taun kang isih lulusan SMP wani lunga dhewe menyang kutha Pekalongan. Sipate Sarinem kang kendel kasebut kabukti saka pethikan ing ngisor iki.

...Pak, Mbok sepurane aku lunga ora pamit. Dakkira kowe ngerti karepu. Tinimbang ing omah terus dadi rerasanan tangga-tangga, aku daklunga sedina rongdina kango ngedhem pikiran. Aja kokgoleki, aku bisa njaga dhiri. Mbokmenawa aku njujug nggone Mbak Samiyem apa Mas Sarijo. Mengko menawa ana sing takon, ora usah kok kandhani. Ngomong wae ora ngerti, lagi dolan. Aja kuwatir Pak, Mbok, aku ora nyalahke kowe. Kabeh iki supaya adhem dhisik. Sepurane sing gedhe... (*OOS*, kaca: 61-62)

Pethikan ing ndhuwur nuduhake sipate Sarinem kang kendel sajrone ngadhepi prakara-prakara kang dialami. Sawise nggawe ontran-ontran ing desane amarga ora gelem dirabi dening Sarkun dhudha sugih anak siji, Sarinem lunga saka omah. Sarinem ngrasa kabotan yen saben dina kudu krungu rerasane tangga-tanggane. Kulawargane Sarinem pancer ora luput nanging malah dadi kurban saka amukane para wong-wong gedhe kongkonane Sarkun. Sarkun pancer kalebu wong kang nduweni kalungguhan ing desa kono. Sapa wae wong gedhe ing desa iku mesthi nate ditulung dening Sarkun, mula wong-wong ing desa kono padha ngina kulawargane Sarinem amarga ora gelem nampa Sarkun dadi bojone. Kamangka sakabehe barang-barang kang diwenehake dening Sarkun marang kulawargane Sarinem wis ora bisa diitung. Awit saka panganan, sandhangan, lan pitulungan kang liya. Kulawargane Sarinem mesthine ngerti yen priya menehi barang-barang kang akeh kasebut mesthi ana niyate.

Prakara kasebut tansaya suwe nambahi repote wong tuwane Sarinem. Apamaneh yen ndeleng kahanane kulawargane kang sarwa kacingkrangan nanging senajan wong cilik Sarinem wegah yen kudu manut marang wong gedhe. Sarinem tetep teguh marang pendhiriane. Sarinem mung gelem dirabi karo wong kang ditresnani, apamaneh Sarinem saiki durung cukup umur kanggo rabi. Sarinem banjur lunga menyang kutha Pekalongan kanggo ngedhemake atine sing lagi panas amarga tumindake para warga ing desane. Sarinem ngrasa yen dheweke kudu ninggalake desa kasebut supaya prakara-prakara kang disandhang dening wong tuwane bisa rampung. Manggon ing desa kono bakal terus nuwuhake prakara kang anyar. Sarinem mung ninggal surat sing isine pamite marang

bapak simboke amarga wis lunga saka ngomah. Sarinem ora pamit langsung marang wong tuwane amarga dheweke percaya yen bakal ora diijini.

Andharan ing ndhuwur nuduhake sipat kendele Sarinem nalika ngadhepi prakara ing desane. Ontran-ontran kang disebabake bakal bisa ilang yen dheweke ngalih saka desa kono. Tumrap bocah desa kang lugu lan isih umur nembelas taun bab kasebut kalebu bab kang abot, nanging kudu disangga amarga kuwi kabeh amarga tumindake dhewe lan kulawargane. Lungane Sarinem saka ngomah minangka bukti sipate kang kendel. Bocah desa kasebut wani lunga dhewe menyang kutha Pekalongan sing durung nate disaba. Pancen bener ing kutha kasebut ana Mbakyune lan Kangmase nanging yen Sarinem ora nduwe sipat kendel ora bakal wani budhal saka Madiun menyang kutha Pekalongan. Tumindak kasebut minangka upayane Sarinem kanggo mujudake pepenginane lan ngrampungake prakara ing desane.

### Ora Gampang Mundur

Sakabehe wong kang nduweni ambisi bakal terus ngupaya supaya bisa kawujud. Upaya-upaya kang dilakoni dening wong kasebut salah sawijine mesthi ana sipat ora gampang mundur. Ora sakabehe wong ing alam donya iki nduweni sipat ora gampang mundur. Ora gampang mundur bisa ditegesi semangat sajrone ngadhepi alangan, tansah ngupaya kanthi tumemen kanggo mujudake tujuwane, lan nganggep alangan utawa pepalang kasebut mesthi ana. Sipat ora gampang mundur iku sipat kang tansah *optimis* lan gampang gumregah senajan ngalami prakara-prakara kang nyengsarake. Sakabehane pepalang lan bebaya kang dialami bakal didadekake pengalaman kanggo jumangkah sabanjure. Wong kang nduweni sipat ora gampang mundur ora wedi marang asile, yen upayane durung kasil bakal terus diperjuwangake nganti bisa kasil apa kang dadi tujuwane.

Wiwit urip ing desa, kulawargane Sarinem kerep ngalami pacoban kang nggawe uripe sengsara. Kerep diina lan diiles-iles dening wong liya amarga mung wong mlarat sing ora nduwe apa-apa nanging bab kasebut kang ndadekake semangate Sarinem kanggo ngowahi nasibe supaya diregani lan dikurmati dening wong liya. Upayane Sarinem ora mung siji loro nanging wis akeh nganti ora kena diitung. Sarinem wis bola-bali niba tangi nanging isih tetep teguh marang pendhiriane. Sarinem percaya yen mbesuk dheweke bakal kasil dadi wong kang mulya uripe. Saliyane ora gampang mundur anggone ngolehake priya kang mapan, Sarinem uga terus ngupaya kanggo nggolek penggaweyan supaya bisa ngewangi wong tuwane. Kabukti saka pethikan ing ngisor iki.

“Kerja apa Mas?” Arin penasaran.

“Pelayan caffe,” Rudy sajak sungkan.

“Ora apa-apa Mas, sing penting aku entuk dhuwit. Karo maneh menawa nganggur terus ngrepotna liyan. Bapak simbokku sing ana omah mesthi nunggu jatah saka aku. Matur nuwun banget Mas, umpama kowe gelem nulung aku.” (*OOS*, kaca: 95)

Pethikan ing ndhuwur nuduhake kahanane Sarinem sawise metu saka pakunjaran. Urip ing kutha Pekalong pancer ora gampang kaya ing desa. Sakabehe

tumindak bakal dadi punjer kawigatene wong amarga urip ing kutha wis sarwa *modern*. Nalika nyambut gawe ing butik Sarinem nduwe prakara karo Silvy, wong wadon pacare Okta. Silvy ora trima amarga Sarinem wis ngrusuhi sesambungane karo Okta, priya calon dhokter kasebut. Silvy lan Sarinem ndadekake butik klambi kasebut rusak. Tumindake Silvy wis nggawe rugine wong liya yaiku butik panggone nyambut gawene Sarinem nganti wong loro mau digawa ing kantor polisi. Juragan butik wis ora gelem nampa Sarinem nyambut gawe ing kono amarga wis nyebabake kerusuhan lan ngrusak barang dagangan. Pancen dadi wong cilik kuwi mesthi sengsara, nanging senajan wong cilik Sarinem ora trima marang tumindake Silvy. Sarinem males tumindake Silvy marang dheweke nganti dikunjara seminggu.

Sawise metu saka pakunjaran, Sarinem ngrasa bingung amarga wis ora nduwe penggaweyan. Saben ketemu kanca, dheweke rumangsa wirang. Begjane Mbakyune bisa njaga apa sing dilakoni adhine ora kawetu marang wong tuwane. Sarinem sadhar yen dheweke ora nduwe pengalaman kang mumpuni apamanah sesambungan karo pejabat utawa aparat. Nggolek penggaweyan ing kutha pancen angel apamanah yen ora nduwe ketramilan lan ijasah kang dhuwur kaya Sarinem. Bapak lan simboke ing desa ora beda adoh nasibe. Kerep dikalahna dening liyan kang nduweni pangkat kang dhuwur. Sakabehe pepalang lan pacoban urip kasebut ora ngowahi pamikire Sarinem. Senajan wong cilik dheweke yakin yen upayane bakal kasil ing tembe mburi. Sarinem ora bakal mundur senajan wis ngalami pacoban-pacoban urip kasebut. Pacoban lan pepalang kang dialami malah nikelake anggone ngupaya.

Tumindak lputut kang dilakoni dening Sarinem ora malah mujudake pepenginan nanging nyebabake Sarinem nadhang prakara lan pacoban urip kanga bot. Gegayuhan kang dhuwur uga mbuthuhake perjuwangan kang abot nanging kudu tansah eling marang dosa lan walesan ing tembe mburi. Sakabehe tumindake manungsa ing alam donya bakal ana walesane. Ambisine Sarinem kang gedhe pancen wis nggawe katutup atine saengga gelem nglakoni tumindak apa wae supaya kawujud. Ambisi kang gedhe nanging ora dibarengi karo kakuwatan kanggo ngatur ambisi kasebut bakal nuwuhake sipay ambisius. Wong kang nduweni sipay ambisius bakal benerake sakabehe tumindak kanggo mujudake pepenginan.

## PANUTUP

### Dudutan

Dudutan kang bisa dipethik saka panliten ing novel *OOS* anggitane Tulus S kanthi tintingan psikologi kapribaden Ludwig Klages yaiku ambisine paraga utama sajrone mujudake ambisine. Panliten iki mujudake telung prekara kang bisa diandharake, yaiku struktur kapribaden paraga utama sajrone novel *OOS* kang cundhuk karo teorine Ludwig Klages. Paraga utama yaiku Sarinem nuduhake temperamen *sanguinis* nalika ngalami kedadeyan-kedadeyan ing satengahing bebrayan. Temperamen *sanguinis* tansah nuduhake sipay-sipay kang pantang mundur kango nggayuh pepenginan. Temperamen *sanguinis* kang nyebabake Sarinem

nduweni sipay ambisius. Saliyane kuwi, Sarinem uga nuduhake pangrasa-pangrasa lan daya ekspresi kang maneka warna nalika ngadhepi prakara kang dialami. Akehe paraga priya kang ana ing novel *OOS* njalari paraga Sarinem iki luwih nuduhake kapribaden-kapribadene kanthi cetha. Sarinem ngalami kedadeyan-kedadeyan kang nggawe dheweke nduweni pepenginan kang gedhe yaiku urip mulya. Sipay ambisius kasebut tuwuhamarga rasa ora trimane marang tumindake wong-wong gedhe ing desane kang ngina lan ngasorake kulawargane.

Adhedhasar temperamen *sanguinis* kang diduweni paraga utama, mujudake problem kajiwana awujud ambisi. Wujud ambisi kang dituduhake dening Sarinem yaiku ambisi kanggo urip mulya. Ambisi kanggo urip mulya kasebut diwujudake kanthi cara ngangkat drajate lan ngolehake sesandhingan kang mapan. Sarinem tansah nuduhake sipay ambisius kanggo ngangkat drajate lan wong tuwane supaya ora ana wong kang ngasorake kulawargane. Mula, Sarinem kudu ngolehake priya sing bisa menehi panguripan. Sarinem tansah ngupaya kanggo ngolehake sesandhingan kang sugih yaiku salah sawijine kanthi cara nggadhekake barang siji kang diduweni. Pangajabe priya-priya kasebut bisa njamin uripe bakal mulya lan ngangkat drajate.

Upayane kanggo mujudake ambisine kasebut ana lima perangan yaiku sregep, pangurbanan, kendel, lan ora gampang mundur. Tumindak-tumindak kasebut minangka upayane Sarinem kanggo nggayuh ambisine kang gedhe. Kanggo merjuwangake pepenginan Sarinem gelem nglakoni apa wae supaya pepenginan kasebut bisa kawujud. Ora mung kanthi cara kangebecik, nanging uga kanthi cara kanga ala. Pacoban-pacoban urip kang dialami Sarinem nyebabake dheweke nduweni ambisi kang gedhe kasebut. Tumrap bocah wadon nembelas taun sing ora nduwe ketramilan lan ijasah kang dhuwur ambisi kanggo mulyakake wong tuwane kalebu bab kang abot. Apamanah kulawargane mung wong cilik sing sarwa kacingkrangan. Mula Sarinem nglakoni tumindak apa wae supaya klakon bisa urip mulya.

### Pamrayoga

Panliten tumrap novel *OOS* anggitane Tulus S mujudake panliten kapisan kang isih bisa diteliti maneh. Babagan kang diandharake ing panliten iki mung mligi ngenani ambisine paraga utama sajrone novel *OOS* kanthi tintingan psikologi kapribaden Ludwig Klages. Mula isih akeh tintingan liya kang bisa digunakake kanggo nliti. Tintingan sabanjure diajab bisa nliti lan ngonceki novel *OOS* kanthi panliten kango luwih jero.

Novel *OOS* anggitane Tulus S iki ngrembug ngenani ambisine Sarinem minangka paraga utama wanita. Sarinem tumindak nyebal saka asusila amarga merjuwangake pepenginan. Pungkasane Sarinem nanggung akibat saka tumindake yaiku wirang lan rumangsa reged. Saka panliten iki, muga bisa nuwuhake gregete pamaca supaya ora niru tumindake Sarinem. Bisa didadekake tuladha ngenani tumindak kang becik lan ala, saengga bisa urip ayem tentrem ing bebrayan.

Panliten ngenani ambisi sajrone novel *OOS* iki dikarepake bisa menehi piguna tumrap pamaos kanggo ngripta lan ngrembakake sastra mligine sastra Jawa modern. Panliten iki uga dikarepake bisa menehi sumbangsih kanggo pangrembakane kawruh bab karya sastra kanthi nggunakake tintingan psikologi kapribaden Ludwig Klages. Panliti sadhar yen panliten iki isih adoh saka tembung sempurna, mula pitedah kang asipat mangun supaya luwih becik kanggo panliten isih banget dibutuhake kanggo panliten.

## KAPUSTAKAN

- Alwisol. 2009. *Psikologi Kepribadian*. Malang: UMM press.
- \_\_\_\_\_. 2012. *Psikologi Kepribadian*. Malang: UMM press.
- Aminuddin. 1990. *Pengembangan Penelitian Kualitatif: Dalam Bidang Bahasa dan Sastra*. Malang: HISKI (Himpunan Sarjana Kesusastraan Indonesia).
- Aminuddin. 2010. *Pengantar Apresiasi Karya Sastra*. Bandung:Sinar Baru.
- Arikunto, Suharsimi. 2006. *Prosedur Penelitian*, Suatu Pendekatan Praktik. Jakarta: Rineka Cipta.
- Endraswara, Suwardi. 2003. *Metodologi Penelitian Sastra: Epistemologi, Moedel, Teori, dan Aplikasi*. Yogyakarta: Widya utama.
- \_\_\_\_\_. 2008. *Metodologi Penelitian Sastra: Epistemologi, Moedel, Teori, dan Aplikasi*. Yogyakarta: Media Persindo.
- Fananie, Zainuddin. 2001. *Telaah Sastra*. Surakarta: Muhammadiyah University Press.
- Febrianto, Andi. 2015. *Problem Kajiwane Paraga Utama Wanita sajrone Novel Purnama Kingkin Anggitane Sunaryata Soemarjo Tintingan Psikoanalisis Sigmund Freud* (skripsi ora diterbitake). Surabaya: PBD-FBS Unesa.
- Handayani. 2014. *Problem Kajiwane Paraga Wanita Minangka Objek Seks sajrone Cerbung Kesumat Anggitane Tiwiek SA Tintingan Psikoanalisis Sigmund Freud* (skripsi ora diterbitake). Surabaya: PBD-FBS Unesa.
- Hardjana, Andre. 1994. *Kritik Sastra Sebuah Pengantar*. Jakarta: Gramedia Pustaka Utama.
- Hidayat, Dede, Rahmat dan Herdi. 2013. *Bimbingan Konseling Kesehatan Mental di Sekolah*. Bandung: Remaja Rosdakarya Offset.
- Hutomo, Suripan Sadi. 1975. *Telaah Kesusastraan Jawa Modern*. Jakarta: Pusat Pengembangan dan Pembinaan Bahasa.
- Koentjaraningrat. 2013. *Pengantar Ilmu Antropologi*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Koswara, J. 1991. *Teori-teori Kepribadian*. Bandung: PT. Eresco.
- Minderop, Albertine. 2013. *Psikologi Sastra*. Jakarta: Yayasan Pustaka Obor Indonesia.
- \_\_\_\_\_. 2010. *Psikologi Sastra*. Jakarta: Yayasan Pustaka Obor Indonesia.

- Muis, Saludin. 2009. *Kenali Kepribadian Anda dan Permasalahannya dari Sudut Pandang Teori Psikoanalisis*. Yogyakarta: Graha Ilmu.
- Najid, Mohammad. 2009. *Apresiasi Prosa Fiksi*. Surabaya: University Press.
- Ngalim, M. Purwanto. 2007. *Psikologi Pendidikan*. Bandung: Remaja Rosdakarya.
- Nurgiyantoro, Burhan. 2007. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- Poedjawijatna, I.R. 2000. *Ilmu Watak Manusia Yang Ideal*. Jakarta: Rineka Cipta
- Pradopo, Rachmad Djoko. 2013. *Beberapa Teori Sastra, Metode Kritik, dan Penerapannya*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Prandana, Yohan. 2015. *Problem Kajiwane Paraga Utama sajrone Novel Nalika Rembulan Panglong Anggitane Tiwiek SA Tintingan Struktur Kapribaden Sigmund Freud*. (skripsi ora diterbitake). Surabaya: PBD-FBS Unesa.
- Purnamawati, Ryan Yuli. 2011. *Kapribadene Paraga Utama Sajrone Cerbung Candhik Ala Anggitane Ismoe Rianto Tintingan Psikoanalisis Sigmund Freud*. (skripsi ora diterbitake). Surabaya: PBD-FBS Unesa.
- Pusat Bahasa. 2005. *Kamus Besar Bahasa Indonesia Edisi Ketiga*. Jakarta: Balai Pustaka.
- Ratna, Nyoman Kutha. 2012. *Teori, Metode dan Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Belajar.
- \_\_\_\_\_. 2013. *Teori, Metode, dan Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta:Pustaka Pelajar.
- Retnowati, Selvi. 2017. *Temperamene Paraga sajrone Novel Carang-carang Garing Anggitane Tiwiek SA Tintingan Psikologi Kapribaden Ludwig Klages*. (skripsi ora diterbitake). Surabaya: PBD-FBS Unesa.
- Setiyadi, Tulus. 2017. *Ontran-ontran Sarinem*. Lamongan: Lentera Ilmu.
- Sudikan, Setya Yuwana. 1990. *Sastra Jawa Modern, Sastra Pinggiran, dalam Keterlibatan Sastra Jawa Modern*. Solo: Tri Tunggal Tata Fajar.
- Sumardjo, Jakob. 1999. *Konteks Sosial Novel Indonesia 1920-1977*. Bandung: Penerbit Alumni.
- Suryabrata, Sumadi. 2003. *Psikologi Kepribadian*. Jakarta: PT. Raja Grafindo Persada.
- \_\_\_\_\_. 2008. *Psikologi Kepribadian*. Jakarta: PT. Raja Grafindo Persada.
- \_\_\_\_\_. 2015. *Psikologi Kepribadian*. Jakarta: PT. Raja Grafindo Persada.
- Teeuw, A. 2013. *Sastra dan Ilmu Sastra*. Bandung: Pustaka Jaya.
- Wellek, Rene And Austin Warren. 1995. *Teori Kasusatraan (Diterjemahkan dalam Bahasa Indonesia oleh Melani Budianta)*. Jakarta: Gramedia.
- Widarso, Wishnubroto. 1992. *Ambisi: Kawan atau Lawan*. Yogyakarta: Kanisius.
- Wiyatmi. 2011. *Psikologi Sastra: Teori dan Aplikasinya*. Yogyakarta: Kanwa Publisier.